

HUMHIZHA HUNE HUNYANZVI

 Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate. Apo misoro nemwoyo yedu zvakakotamiswa pamberi paMwari, ini—ini handizive kuti vangani vari muno vane chikumbiro chavangada kuti Mwari varangarire, nokungosimudza maoko enyu? Zvino, bata chikumbiro chako mumoyo mako zvino patiri kunamata.

² Ishe Jesu, iMi chi—Chitubu, Chitubu cheHupenyu chisingapwe, yererai nematiri nhasi, Ishe, uye mutichenese kubva pakusatenda kwose nezvivi zvose, kuti tikwanise kumira muHupo hweNyu zvino, tichiziva kuti pane chiri kudikanwa pakati pedu, apo tinoziva kuti tiri vatadzi uye hatina—hatina kukodzera chero ropafadzo ripi zvaro. Asi zvino patinofunga pamusoro paiYe Akauya akatora zvivi zvedu! Zvino, kana Ropa raKe riripo, hatisi—hatisi isu muHupo hwaMwari, ndiYe. Rinongova inzwi redu richipfuura nemuRopa raKe. Ropa raKe riri kutaura. O Mwari, zvino chenesai mwoyo yedu kubva kuchivi nekusatenda.

³ Tipeiwo zvishuwo zvemoyo wedu, nekuti zvechokwadi tine zvishuwo izvi zvekuKushumirai. Muzvinhano izvi zvinopedza simba pamwe nematambudziko, nezvinhu zvemunyika zvinoiswa patiri dzimwe nguva, kuti zvitikwanise; takaudzwa kudaro. Zvino Akati, “Musashamiswa kuti miyedzo iyi inouya.” Iri kungoshanda chete kuti zvitinakire nekutikwanisa, nekutiunza panzvimbo iyoyo. Magwenga makuru aya ezviitiko, apo varume vakarurama vanoumbwa kuva vatsvene, ti—tinoKutendai nokuda kwezviitiko izvi, Ishe. Hatingarevi, hatingadi kuita chero chinhu chinopesana nekuda kweNyu. Asi tinonamata, Baba, kuti mune izvi tigounzwa pedyo neMi.

⁴ Uye kana mitoro yacho yonyanya kurema zvekuti hatichagoni kuenda mberi, zvino tinosimudza maoko edu todanidzira kuna Baba vedu. Zvino inzwai kubva Kudenga, Ishe.

Tipodzeiwo, tiitei vatano, nokuda kweHumambo hwaMwari.

Ropafadzai Shoko reNyu mangwanani ano, Ishe. Shoko reNyu iZvokwadi.

⁵ Uye taungana pano zvino muchechi. Tinonamatira Hama Neville, naHama Caps, naHama Collins, nevamwe vashumiri vose, nema—nematirastii, madhikoni, neungano yose, nevaenzi vari mumasuwo edu. Dai rino rikava zuva raticharangarira kwenguva refu, nekuda kweHupo hweNyu.

⁶ Tiri pano tiri pasi pekutarisira kukuru mangwanani ano, Ishe. Tangocherechedza kwechinguvana, tadanwa pamwe chete.

Tinonzwa kuti zvine chinangwa. Dai chinangwa cheNyu chazadzikiswa, Ishe. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu, patiri kuzvikumikidza. Amen.

⁷ Zvakanaka kwazvo kuva pano nekuungana nechechi ino izere nevanhu. Ndanga ndisiri kutarisira kuti paizova nemunhu pano mangwanani ano, nekuti ndanga ndisiri kuziva, ini pachangu, kuti ndaizove pano.

⁸ Tichangouya kubva kuPhiladelphia. Uye saka ndakauya, ndichifunga kuti ndichatongoenda kuArizona nekukasika chaiko, kuti tive neshumiro yemariro eshamwari yangu, Captain Jim Moseley, mukomana anokosha kwazvo, ane humwari wandakatungamirira kuna Kristu kasiri kare, hama 3 dzekwaMoseley. Zvino mumwe wavo akadonha, uye akanga ari mundege rimwe zuva, ndokuurairwa pakarepo. Anga ari mumoto kwemaawa 10 vasati vasvika kwaari. Saka Lee ane makore 28 ekuberekwa, mudzimai wake ane 26, uye—uye asiya vana vaduku 3; mukuru wacho, 7. Zvinosuwisa zvikuru. Uye ivo...Pavakauya naye, vakabva vatonomuviga mangwana acho. Saka ndakango...Handina kukwanisa kuendako. Uye ndakangonyora, kana kuti kutumira neteregiramu, izvo zvandaizonotaura, kana kuti zvandingadai ndakataura pamariri aHama Moseley. Zvimwe zvezvinhu izvi hatizvinzwisise, asi zvakadaro Vanoita kuti zvinhu zvose zvishande mukunaka.

⁹ Tiri pano mushumiro yaShe, mangwanani ano, tichiziva kuti—kuti—kuti tinotenda Mwari, kuti tinotenda kuti Vachaita kuti zvinhu zvose zvive zvakangoringana nemazvo. Zvisinei kuti chii, uye kuti zvinoshanda sei, tinoziva kuti zvinofanira “kushandira mukunaka.” Vakazvivimbisa izvozvo. Zvinotongofanira kuva saizvozvo. Dzimwe nguva hatigone kuzvinzwisisa, zvinooma zvikuru dzimwe nguva, asi zvakadaro tinoziva kuti iChokwadi, nokuti Bhaibheri rinoti iChokwadi. Zvino Bhaibheri, kwatiri, ndiMwari vari muchimiro chetsamba.

¹⁰ Zvino, tinofanira kuisa kutenda kwedu pane imwe nzvimbo. Uye kana—kana ini kana chero mumwe wedu, muhupenyu, akaedza kubudirira muhupenyu uye ova, nguva zhinji, shoroma ine mamiriyoni mazhinji, asi tichaita sei nawo? Tinofanira kusvika kumagumo enzira, uye zvino—zvinozotibatsirei zvino? Maona? Uye mari chi—chinhu chekutenga nacho, ndeye kuchinjanisa, asi haugone kuichinjanisa neHupenyu. Mwari chete ndivo vane Hupenyu.

¹¹ Saka ti—tinocherechedza kuti tiri pano tiri muchimiro chemumvuri. Uye chero bedzi paine mumvuri, panofanirwa kuva nechinopa mumvuri chacho. Hapagoni kuva nemumvuri pasina chinopa mumvuri chacho, munoona, nekuti imhaka yechinopa mumvuri chinogadzira mumvuri. Sekuti waive nenegativhi remufananidzo wechimwe chinhu. Panofanira kuva

nechinhu pane imwe nzvimbo, kana kuti chitorwe, chiedza chinotorwa neziso rekamera iyoyo, kana kuti hapaizombova nechero—chero negativhi zvaro. Saka patinoona kuti hupenyu hwedu pano mumvuri, uye tichiziva kuti tiri mumufananidzo wehumwe hupenyu hwekune imwe nzvimbo, zvino tinoziva kuti pane chinopa mumvuri pane imwe nzvimbo chakavhenekwa nechiedza, ndokuratidza chimwe chinhu pano panyika. Uye tinongova kuratidzwa ikoko chete. Chinhu chacho chaicho chiri kune imwe nzvimbo. Kana zvisiri izvo, ndiri munhu akanyengereka zvakanyanyisa pasi rose; ndakapedza hupenyu hwangu pasina. Asi ndinoziva, pasina kana mumvuri wekupokana, kuti chiriko. Maona? Ndosaka tiri pano. Maona?

¹² Pandinokuonai imi vanhu muchiuya nemunyika yose, nechiziviso chenguva pfupi, uye dzimwe nguva muchiita zvekufungidzira, zvino zvinondiita kuti ndinzwe kudupika chaizvo pandinouya mumusangano wakadai; kufunga kuti ndinoziva vanhu pano vakafamba mazana emamaira, kuti vangove pano kwemaminetsi mashoma eshumiro, kuti vangogara pano.

¹³ Mumwe mudzimai akangotaura mamwe mashoko, akauya rimwe zuva akati, “Ndiratidzei pafambwa nemurume uyu, mundirege ndifambe shure kwake, pasi ipapo,” akati, “ndichapora.” Zvino, vanhu vanokutenda saizvozvo, uye uri mumiririri waKristu, zvino tinofanira kuitei? Tinofanira kungwarira zvikuru, nekuti hausi kungozviparadza iwe pachako nezvakaipa, uri kuparadza vamwe vari kukutevera.

¹⁴ Saka, handizive sangano kana chimwe chinhu chekukuendesai kwachiri. Panongova nechinhu chimwe chete chandine kutenda kwangu machiri. Kana muchinditenda, teverai zvandinokuudzai. Nokuti, ndinotenda Bhaibheri, ndiro Shoko raMwari. Zvimwe zvinhu zvinokundika. Ndingori... Ndivo Hupenyu. Ndivo Shoko.

¹⁵ Zvino, ndinoziva kuti imi...Pandinouya pano, ndinokuchengetai kwenguva refu. Ndanamata kuna Mwari, pandanzwa sekuti ndinoda kuuya pano nhasi. Ndakava nemaindavhiyu akawanda kwazvo nekufonerwa, nezvimwe zvakadaro. Ndatozoshanda nemamwe acho mangwanani ano. Zvino ndakati, “Zvinoka, Hama Neville pasina kupokana vachandikumbira kuti nditaure.” Chaiva Chishanu ichi. Uye ndikati, “Hama Neville zvichida vachandikumbira kuti nditaure. Uye kana ndadaro, zvino ndinokumbira, Mwari...” Kuri kupisa zvikuru, kwanga kuchipisa zvikuru. Uye Vaita zvakanaka kutitumira mvura uye kudzimura kupisa kwakanyanyisa chaiko, ndokutipa mangwanani akanaka mangwanani ano. Ndinonamata kuti hunaku hwaVo hwugouya pane mumwe nemumwe wenyu mese, zvokuti muchazogara muchirangarira kuti maiva pano mangwanani ano. Nyasha nemaropafadzo aVo ngazvive pamuri!

¹⁶ Husiku hwapfuura ndakashanyira shamwari iri kurwara, Hama Bill Dauch. Handisi kuvaona pano mangwanani ano. Neimwe nzira, handisi. Oo, havoka avo. Vari...Ehe. Uye ndanga ndichifunga kuti, “Murume akwegura ane makore 91 okuberekwa, uye achiri kufamba nyi—nyika yese, achipfuura nemumagwenga, nepamusoro pemakomo ane mazaya echando nemigwagwa inotsvedza. Havasungirwe kuita izvozvo. Mwari vanga vakavanakira; havasungirwe kuita izvozvo. Vaigona kugara kumba vova nevaranda vachivafetedza, dai vaida havo.” Asi, chimwe chinhu chakaitika kuna Bill Dauch, akaberekwa patsva. Uye pazvakaitika, chimwe chinhu chakauya mumoyo mavo, zvekuti choga chavanoraramira kuuya kumisangano iyi. Uyezve kana ndiri kuzova muromo waMwari, ndinganyengera shamwari here? Ndingasva hangu ndafa. Regai ndivaudze chaizvo zviru Chokwadi kubva muBhaibheri iri. Zvino, ndiro Shoko raMwari. Ndiri kungodzokorora zvaVakataura.

Zvino ndinoda kuverenga zvimwe kubva muBhaibheri.

¹⁷ Tisati taverenga, ndinoda ku—kutura kuti ndinotenda kuti husiku hwanhasi husiku hwechirairo. Uye imi muri pano munharaunda...Honguka, vamwe vanhu zvichida vachange vachidzokera kudzimba dzavo, nekuti vanofanira kuzoenda kubasa. Imi muri muno muungano, rangarirai, hama dzichange dzichipa chirairo husiku hwanhasi.

¹⁸ Zvino, ndakamirira kudanwa kwekupedzisira kweAfrica. Havasi kuzodaro, havasi kuzondibvumira kupinda semumishinari. Saka nzira yoga yandinogona kupinda nayo, zasi...ndiri kuenda kuKenya, Uganda, ne—neTanganyika. Uye nzira chete yandinogona kupinda nayo...Kutanga, machechi haasi kuzokutendera kuti upinde, nokuti vanoda kuti ndiparidze chimwe chinhu chedivi *rino* nedivi *iro*, zasi kuAfrica. Uye handingapindi saizvozvo. Handingambova munyengeri kusvika pakudaro. Saka zvichida ndinovaudza, “Kwete, changamire, ndichangoparidza chaizvo zvinoiswa naMwari pamoyo pangu, uye ndizvo zvoga.” Maona? Uye ndine chokwadi chokuti hazvisi kuzova izvo zvavari kuedza kundiita kuti ndidzidzise. Saka, rubhabhatidzo rwemuhutatu, nezvimwe zvakadaro, nekukakavara navo. Kwete.

¹⁹ Asi ndakakumbirwa kukonivhenisheni huru, naHama Boze. Vatongova pedyo nekuona chiedza chezuva pane zvatinotenda. Saka ndakakumbira kupinda sekunge ndiri kuenda kunovhima. Kana vakanditendera kupinda, sekuenda kunovhima...Kana ndikakwanisa kuwana mumwe munhu anoti anozondiendesha kunovhima, zvino pandinopinda imomo, chiremba—chiremba arimo kuembassy, ishamwari yangu yepedyo, anobva kuChicago. Zvino pandinongopinda imomo, anobva ati, “Zvinoka, hevanoi Hama Branham vari pano. Ngativei nemusangano.” Saka, mushure mekunge ndasvika

ikoko, embassy haigoni kundirambira. Kana ivo...Saka vari kuedza kuzvigadzirisa zviite zvino. Saka ndinovimba kuti zvi...Kana kuri kuda kwaMwari, zvichashanda nenzira iyoyo. Maona? Zva—zvakangokumikidzwa kwaVari. Kana zvisina kudaro, zvino ndichakuzivisai. Handisi kuzo...

²⁰ Kana kuri kuda kwaMwari, zvino, ndinoda kutaure pamusoro peHwamanda Nomwe. Uye ichave shumiro yemazuva 8, uye hatisi kuzova pano patabhenakeri, zvichida. Tichaedza kuwana odhitoriyamu kuno.

²¹ Zvino handina kumbobvira ndafunga, nezve odhitoriyamu itsva iyi iri kutongovakwa kumusoro kuno, ndipo chaipo pandakaona Jesu kekutanga muchiratidzo. Zvino yakavakwa, odhitoriyamu yacho yakavakirwa ipapo chaipo panzvimbo imwe chete. Ndakaenda ipapo chaipo rimwe zuva, kuti nditarise. Pandakatarisa ndikaMuona akatarisa kumabvazuva, munorangarira muchindinzwa ndichizviture, pandakanga ndiri kunze uko ndichinamatira baba vangu; mukomana mu—mudiki, ndichingova hangu muparidzi wechikomana. Ndipo pandakaMuona. Nhanho, ndakaMutarisa; Aiva nemusoro waKe wakatendeutsirwa kurutivi kubva kwandiri. Ndakaramba ndichifamba-famba, ndichigadzirisa pahuro pangu, mumunda wehuswa. Uye ndakaramba ndichitarisa, zvino haAna kumbotendeuka. Ndakabva ndadana Zita raKe kuti, “Jesu.” Zvino Akatendeuka, akatambanudza maoko aKe kunze, ndizvo zvoga zvandakarangarira kusvikira kwaedza. Uye saka ndakadzoka kubva mumunda, kwava kuda kutoyedza.

Saka zvichida Ishe vachandiita kuti ndiparidze Hwamanda idzodzo ipapo. Kungava chero kupi zvako, kuda kwaMwari ngakuitwe.

²² Vhurai mumaBhaibheri enyu zvino, kuna Isaya 50-... chitsauko 53 chaIsaya.

Zvino, tinovimba kuti Mwari vacharopafadza kushingaira kwedu kune hutera kwekuuya pamwe chete mangwanani ano. Tichangodzoka kubva kuPhiladelphia, uko kwandaiva pakonivhenisheni yeveFull Gospel Business Men, uye ndichiteerera zvapupu zvavo zvakasiyana-siyana nezvimwe zvakadaro, kumusoro ikoko.

²³ Zvino ini, munzira ndichidzika, ndaiva...Billy Paul neni, naRebekah nemusikana mudiki wekwaCollins, Betty Collins mudiki. Zvino Billy anonyatsorara chaizvo, uye Becky ari nani, zvino saka ini...Ini naBetty zvino taitaura. Uye ainge akagara kumashure naBecky, muchigaro chekumashure. Zvino ndakaona chimwe chinhu munzira, chichiitika; uye, pandakadaro, chimwe chinhu chakandibata. Zvino Betty, kana ari pano, akacherechedza kuti ndakamira kutaure ndokutanga kunyora chimwe chinhu pasi. Ndipo pandakawana chidzidzo ichi chemangwanani ano.

²⁴ Zvino ngatisimukei netsoka dzedu. Kana isu...Zvino tinomira mukuremekedza Shoko raMwari, pandiri kuverenga Isaya chitsauko 53.

Ndianiko akatenda huchapupu hwedu? uye ruoko rwaJEHOVHA rwakazarurirwa kuna aniko?

Cherechedzai, mubvunzo, kutanga.

Nokuti achamera pamberi pake sebukira nyoro, uye somudzi unobuda...pavhu rakaoma: haana chimiro kana runako; uye kana tichimuona, hapana runako kuti timude.

Akazvidzwa nokurambwa navanhu; munhu wokusuwa,...akaziva kushungurudzika: uye takaita sokumuvanzira zviso zvedu; akazvidzwa, uye hatina kumukudza.

Zvirokwazvo akatakura kushungurudzika kwedu, uye akatakura kusuwa kwedu: asi isu takamucherechedza akakuvadzwa, akarohwa naMwari, nokutambudzwa.

Asi akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu: kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake; uye namavanga ake takapodzwa.

Isu tose samakwai takanga takarasika; takatsauka mumwe nomumwe nenzira yake; zvino JEHOVHA akaisa pamusoro pake kusarurama kwedu tose.

Akamanikidzwa, uye...akatambudzwa, kunyange zvakadaro haana kuvhura muromo wake: akaunzwa segwayana rinoiswa kundobayiwa, uye segwai pamberi pavaveuri varo...akanyarara, saizvozvo haana kushamisa muromo wake.

Akabviswa mutirongo nokutongwa: zvino ndianiko achazivisa chizvarwa chake? nekuti akagurwa akabviswa panyika yavapenyu: nokuda kwokudarika kwavanhu vangu akarohwa.

Akaita bwiro rake pamwe chete navakaipa, uye nevapfumi pakufa kwake; nekuti haana kuita mhirizhonga, nekunyengera hakuna kuwanikwa mumuromo make.

Asi zvakafadza JEHOVHA kuti amukuvadze; iye...wakamuisa pakushungurudzwa: kana waita mweya wake uve chipiriso chezvivi, achaona zvizereko zvake, uye achawedzera mazuva ake, zvino mufaro waJEHOVHA uhabudirira muruoko rwake.

Uye achaona zvaakatamburira nomweya wake, uye achagutsa: nokuziva kwake varanda vazhinji

vakarurama vacharuramiswa...vazhinji; nokuti achatakura kusarurama kwavo.

Saka ndichamugovera mugove pamwe chete navakuru, uye...achagoverana zvapakambwa navane simba; nokuti adurura mweya wake kusvika pakufa: uye akaverengwa pamwe chete navadariki; uye akatakura zvivi zvavazhinji, uye akareverera vadariki.

²⁵ Mwari Baba, Shoko reNyu Mwenje, Chiedza chinovhenekera nzira yemutendi wese kupinda muHupo hwaMwari, paChinotitakura serambi riri muruoko rwedu. Hamuna kupa chinokwana kuti tione magumo kubva kumavambo, uye, asi ndinofamba nekutenda. Asi semunhu anofamba nemusango rine rima pahusiku, uye ndipo patiri; chiedza chaakabata, chinongopa nhanho nenhanho. Asi nzira, kunyangwe ichitungamira kumusoro, ingofamba neChiedza. Uye dai Chiedza chapenya nhasi paShoko, kutitungamirira imwezve nhano kuenda mberi kuHumambo hwaMwari. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

Garai henyu pasi.

²⁶ Chidzidzo chandinonzwa kuti nditaure kuungano nhasi ndechekuti: *Humhizha Hune Hunyanzvi*.

Zvingaita sezvisinganzwisisike kutora kuverenga kwe—kweGwaro seiri, re—remumwe wemifananidzo ine kukuvadzwa nehumhondi hwakanyanyisa hwemuBhaibheri, kuti apo Bhaibheri parinotaura, kuti, “Muranda uyu akakwana akatambudzwa, ndokuiswa mavanga, nekubvamburwa,” uye zvakadaro ndotora musoro wenyaya kubva ipapo, wokuti, *Humhizha Hune Hunyanzvi*. Zvinotoshamisa kwazvo. Asi ndiri...

²⁷ Pfungwa yangu iri kufunga, mangwanani ano, patiri kudzokera parwendo, ndinodaro, kwemakore mashoma. Ndakakokwa kuForest Lawn, mu—muCalifornia, nechekumusoro kweLos Angeles. Chinangwa changu chekutanga chekuenda kumusoro ikoko kwaiva kushanyira gu—guva ra—raAimee Semple McPherson, movambi webato reFoursquare. Zvino ndakaenda kuguva rake—rake. Uye kunyangwe ndi—ndichipesana nemudzimai uyu, semushumiri, asi, zvakadaro, mumoyo mangu, ndinopa kuyemura nekuremekedza kune—kune zvaakamiririra, mu—munguva yacho, nekutambudzwa nezvinhu zvaakapfuura nemazviri, uye nenguva yekuva kwake pano panyika. Uye zvakare kumwanakomana wake—wake anodikanwa, anova shamwari yangu yepamoyo, Rolf McPherson.

²⁸ Neboka revashumiri, takaenda kumusoro ikoko. Uye ivo... hatina kuwana nguva yekupinda mu—mu...munzvi—nzvimbo yavanopisira mitumbi, uye voisa mi—mitumbi mukabho—bhokisi padivi pemadziro.

²⁹ Uye imomo vane zvimwe zvinhu zvinoshamisa, zvakaite seChirairo Chekupedzisira. Uye munovhenekerwa nechiedza chaicho chezuva. Uye ivo—ivo vane chinovhara chinovapa... Pavanopinda, kunenge kuine chiedza; uye zvakare pa—pavanotanga kutaura, kunobva kwasviba. Zvino mushure mechinguva zvese zvinosviba, uye vanhu vanobva vabuda. Uye vane yeChirairo chose.

³⁰ Uye mudzimai wacho aiva nechakavanzika chekuti vanoisa sei girazi iri munzvimbo iyi, zvinoka, vachigadzira mifananidzo iyi, zvino, zva—zvakauya kuburikidza nemumhuri, kwemakore mazhinji akapfuura. Zvino humhizha hwacho hwaingogamuchidzwa kuvana, uye wekupedzisira wacho aive mudzimai. Zvino vakanga vachigadzira mufananidzo uyu. Zvino pavakatanga kuumba nekupisa gi—girazi, vachiribika, raJudhasi Iskarioti, rakapamuka. Saka zvino vakariedzazve, ndokupamuka zvakare. Zvino mudzimai uyu akati, “Zvichida Ishe vedu havasi kuda kuti muvengi waVo aratidzwe ari parutivi rwaVo.” Uye akati, “Kana rikaputika zvakare, hatisi kuzopedzisa mufananidzo wacho.” Asi rakabata panguva iyoyo. Zvino, chokwadi, chakava chinhu chaishamisa, uye kuti zvinhu zvakadaro zvaizoitika.

³¹ Asi, zvino, chimwe chezvinhu zvikuru chinondifadza muForest Lawn, chaive chivezwa chikuru, chaMichelangelo, chi—chivezwa chaMosesi. Iko—kopi yacho ipapo, honguka. Hachisiko chepamavambo, asi hwaive hu—humhizha hukuru hune hunyanzvi. Uye pandakamira ndikachitarisa, nda—ndakachifarira, chimwe chinhu chinoita sekuti (chinomiririra) chine chimwe chinhu pachiri.

³² Ndinofarira zvehumhizha, chaizvo. Ndinotenda kuti Mwari vari mune zvehumhizha. Ndinotenda kuti Mwari vari mumumhanzi. Ndinotenda kuti Mwari vari muzvisikwa. Mwari vari kwese-kwese. Uye chingavei hacho chinopesana nechepamavambo chakatsveyamiswa. Mwari vari mukutamba; kwete mhando yematambiro amunoita kuno. Asi kana vanakomana nevanasikana vaMwari vari muMweya waMwari, munoona, ndiko kutamba ikoko. Asi sezvatanga tichirwisana nazvo kusvika nguva dza 2 o'clock mangwanani ano, kumusoro uko munzira, ndiko kutsveyamiswa kwazvo.

³³ Asi, izvi, pamwe nehumhizha hune hunyanzvi hwakanga—hwakanga hwagadzirwa naMichelangelo, zva—zvakamutorera chimwe chinhu kuita izvozvo—izvozvo. Aive murume mukuru, uye zvakamutorera chikamu chikuru chehupenyu hwake, nekuti akapedza makore akawanda, chaizvo achiveza. Akangotora dombo uye re—remarble, ndokuramba achiriveza. Uye, munoona, munhu wacho bedzi, muvezi pachake, ndiye ane zvaari kuedza kuita mupfungwa dzake. Iye, ndiye wacho. Unogona kufamba uchienda kwaari woti, “Uri kugogodza-gogodza padombo iroro kuti zvidii?” Kune wekunze, asingazive

zviri mumoyo make, hazvina maturo. Asi kumurume uyu, muvezi pachake, iye—iye ane chi—chiratidzo mupfungwa dzake, chaari kuedza kugadzira, uye ari kuedza kubuditsa zvaanazvo mupfungwa dzake muchimiro che—chechivezwa. Ndicho chikonzero ari kuchibuditsa kubva mumatombo.

³⁴ Uye izvi, kuti uite, unofanira kutanga zvakanaka, pekutanga, uye unofanira kutevedzera patani yacho. Maona? Haukwanise kutora chidimbu chidiki, kutanga, “Tichachiita nenzira *iyi*; kwete, ndinotenda...” Kwete, anofanira kuva nepatani yacho chaiyo. Uye mupfungwa dzake ane patani iyoyo. Uye haagone kuita zvakasiyana nepatani iyoyo. Zvino, kuti aziite, aitothirowa mupfungwa dzake, nekuti hatina mifananidzo chaiyo yaMosesi, asi akatova nemufananidzo wekufungidzira mupfungwa dzake, wezvava Mosesi chaizvo.

³⁵ Zvino, muvezi wemazvirokwazvo akafemerwa, sanyanduri wechokwadi, kana chero muimbi wechokwadi, anoridza mumhanzi, chero zvazvingava. Zvese zvemazvirokwazvo zvinofanira kuuya nekufemerwa. Michelangelo anofanirwa kunge akava nekufemerwa pane zvakanga zviri Mosesi chaizvo. Uye akazvibata mupfungwa dzake, zvaifanirwa kunge zviri Mosesi. Saka pachimedu chikuru ichi chemarble, akacheka zvichienderana nepatani yacho, uye achidzikisa, nekukwenenzvera, kusvikira asvika pamufananidzo wacho chaiwo wezvazvaifanira kunge zvaive zviri mupfungwa dzake.

³⁶ Zvino zvadaro paakange azviita vakanyatsokwana, kona yese yabviswa, nenzvimbo yese yakweshwa, nemaziso abuda zvakanaka, bvudzi rese zvaro, nendebvu, zvese zvichingova nenzira yazvaive, akamira nechekure uko ndokuchitarisa. Ndi—ndinofunga nezve—nezvemakore mazhinji, kwazvo akaomarara ekushanda zvakaoma, uye kuti akatongogara nechiratidzo chimwe chetecho nguva dzose, mupfungwa dzake, chevvaakanga ari kuzoitwa. Uye chimbofungai, chiratidzo ichocho mupfungwa dzake kwemakore mazhinji kwazvo, kuchiita kuti chiratidzike chaizvo sezvachaive! Akabata chiratidzo chacho kutanga, uye kuti akatoshanda chaizvo kusvika pachiratidzo ichocho, achicheka nekugadzirisa! Zvino paakanyatsochinatsa zvakakwana, kusvika chanyatsokwana; akamira ndokuchitarisa paakapedza mangwanani iwayo, aine nyundo muruoko rwake.

Zvino akafemerwa zvikuru paakachitarisa, nekuti chiratidzo chepfungwa dzake chakanga chakamira pamberi pake, mumazvirokwazvo. Zvaakanga aona, uye...pfungwa yake yezvakanga zviri Mosesi, hapo payaive ichioneka pamberi pake, zvaakange ainazvo mumoyo make makore ese aya. Uye kubinduka, nemaawa ekusuwa nekushushikana, nevatsoropodzi, nezvimwe zvese, asi zvakadaro akanyatsogara nechiratidzo chacho kusvikira chapera.

³⁷ Uye ipapo pachakanga chapera, akamira shure nenyundo,

kana kuti nyundo yemuvezi, muruoko rwake, uye akatarisa chivezwa ichocho. Zvino kufemera kwechiratidzo chaakanga aona, kwekuti aizozviita sei, kwakamufemera zvakanyanya kusvikira iye...Kufemera kwakamurova kusvikira arasika njere, ndokuchirova pabvi, akati, “Taura!”

³⁸ Zvino pane chivanga pachivezwa chikuru ichocho, pabvi, pabvi rekurudyi. Neche pamusoro pebvi racho, anenge mainji 6, pane nzvimbo (ndakaisa ruoko rwangu pairi) pakadzika zvakada *kudai*.

³⁹ Mushure mekunge apedza nguva yese iyoyo, kwemakore nemakore, kuchigadzira ichi; zvino ari pasi pe—perunziro yekuona kuzadzikiwa kwezvaakanga aona mumoyo make nemuchiratidzo chake, uye akashuvira kuchiona, chakanga chapera. Zvino pachakapera, akafemerwa nacho zvikuru kusvikira akafunga kuti humhizha hwake hune hunyanzvi uhwu hwaifanira kutaura naye. Zvino akachitema pagumbo, ndokudanidzira, “Taura!” Zvino zvakaisa chivanga pachiri. Zvakaisa chivanga pachivezwa chacho.

⁴⁰ Kwandiri, chivanga ichocho ndicho chakauita humhizha hune hunyanzvi. Zvino, zvichida kupfu—pfungwa dzingafunga zvakasiyana, munofunga kuti izvozvo zvakatochikanganisa. Kwete, kwandiri, zvaka—zvakatochiita zvachaive. Icho—icho...Nekuda kwemushure memakore akawanda ebasa rine kuchenjerera nekushingaira, nekufemerwa, nezvimwe zvakadaro, pakuchigadzira, kushingaira kwake kwakaraidza kusava kwepasina. Chakanga chakakwana, ndosaka akadanidzira kuti, “Taura!” Nekuti, akanga aona pamberi pake kuti iye (akanga) aive akwanisa kubudirira, kuti azadzikise chiratidzo chaive mupfungwa dzake. Zvino naizvozvo, pasi pekufemerwa, akaita chimwe chinhu chisina musoro, chisiri chemazuva ose. Akachitema, ndokudanidzira kuti, “Taura!” Munooni, angadai asina kuita izvozvo dai ainge akafunga. Asi haana kufunga. Kwaiva kufemerwa kwekuona chaaive nacho mupfungwa dzake chiri pamberi pake chaipo.

⁴¹ Kushingaira kwake, nekurukutika, nehusiku hwakareba, uye nekugara kure nenyika kwemazuva, uye pamwe odyo sangweji. Uye—uye ochikwesha, uye odzoka, nekuti, “Kwete, handizvo chaizvo zvachaive. Zvino chinofanira kudzoka kuva *chakadai*,” uye achichikwesha. Zvino paakachiona, chakangonyatsokwana, akabva aona mumazvirokwazvo. Mumvuri wezvava mupfungwa dzake wakanga wava mazvirokwazvo, ndokuva chacho chaipa mumvuri, naizvozvo chakapinda maari. Uye chaive chemazvirokwazvo chaiwo zvekuti aitofanira kudanidzira kuti, “Taura!”

⁴² Kwandiri, kwaiva kuratidzwa. Rwaiva—rwaiva rukudzo kubasa rake, kuti basa rake iye rakamufemera zvikuru, zvekusvika pakurasika pfungwa obva achirova oti, “Taura!”

⁴³ Ndakamirapo ndokutarisa chivezwa chacho. Ndakafunga nezvemaawa akashandiswa nemurume uyu, pakuchigadzira ichocho. Vakataura makore acho kuti aiva mangani. Asi zva—zvakaratidza chimwe chinhu kwaari, nekuti kwaive kuwedzerwa kwe—kwebasa rake guru rehumhizha, basa rake guru rezvaaiita. Uye paakazokwanisa kubudirira pachiri, chaive chakanaka kwazvo.

⁴⁴ Zvino ngativharei peji iri, raMichelangelo, uye tovhara bhuku racho.

Uye ngativhurei rimwe Bhuku tiverenge nezveMuvezi mukuru, iye Samasimba. Uyo, pasati pava nenyika, nenheyo dzacho dzisati dzaiswa, mupfungwa dzaKe Aiva nezvaAida, uye Aida kusika munhu nemufananidzo waKe iYe. Aida kugadzira chimwe chinhu mu—mumazvirokwazvo ezvaiva chiratidzo kwaAri, zvaiva mupfungwa dzaKe.

⁴⁵ Zvino, kuna Michelangelo, chaive chibereko chepfungwa yake.

Zvino Mwari vaida kugadzira munhu ari mumufananidzo waVo, Muvezi mukuru, zvino Vakatangana kushanda paari. Uye tinocherechedza sezvaVakaunza kubva muzvinhu zvacho. Chekutanga zvichida dzaiva hove, uye tevere shiri, uye—uye tevere zvinokambaira panyika, ne—nezvinhu zvakawanda zvaVakaunza. Asi, pakupedzisira, paVakavhumbamira, vari ivo Musiki, Vakanga...Vakanga vasina kufanana nemunhu, zvino, muvezi anofanira kutora chimwe chinhu chakasikwa, kuti agadzire chivezwa. Vakanga vari Muvezi wezvinhu zveKusingaperi. Vakanga vari Muvezi aigona kusika nekuita kuti zvinhu zvivepo izvo zvaVaiva nazvo mupfungwa dzaVo kuti vaite. Kana kuti, neimwe nzira, Vanogona kuita izvo zvinobatika zvinenge zvashuvirwa nezvizenga zvaVo.

⁴⁶ Uye paVakatangana kushanda pazvinhu zvinokambaira, sepamhuka di—di—diki dziri panyika. Zvino ndokubva Vatanga kuzviunza kubva ipapo zvichinova chimwe chinhu, chepamusoro. Zvino pakupedzisira Vakazviunza pakuva mhuka dzakati kurei, seshumba, ingwe, chitsere. Ndokubva Vazviunza muhu—hu—hupenyu zvichida hwe—hwetsoko nezvimupanzi, nezvimwe zvakadaro. Zvino, kwete zvekushanduka kwezvisikwa, sezvatinofunga kuti chimwe chakabva ku—...Kwaive kusikwa kwakakwana; Mwari vachishanda neimwe patani.

⁴⁷ Asi pakupedzisira kwakazouya panyika, kumwe kukwaniswa, zvino aive munhu uyu. Uye ipapo Vaikwanisa kuona mumunhu iyeye, kuti aitaridzika saVo. Saka zvino paVakatarisa paari, aive mufananidzo wezvakananga zviri Musiki wake. Mwari vakanga zvino vakwanisa kubudirira pachinhu chaVaida, munhu ari mumufananidzo waVo pachaVo.

⁴⁸ Uye zvakare ndinogona kutaure, pane izvi, kuti, paVakagadzira munhu uyu, paiva nechimwe chinhu paari chakanga chisiri kunyatsotaridzika zvakanaka, nekuti iye—iye aingova ari ega. Uye ndizvo zvaingovawo Mwari, Vari voga; Vaive vaZiyendanakuenda. Uye munhu zvino, ari mumufananidzo waMwari, airaramawo panyika ari ega. Saka Vanofanira kunge vakarova zvisihoma kudivi rake rekuruboshwe, uye kubva ipapo Vakatora chidimbu chakabviswapo ndokumuitira mubatsiri, mudzimai, zvino akanga asisiri oga. Aiva—aiva, akava nemumwe munhu waaive naye. Uye ndiro basa raVo guru.

⁴⁹ Zvino, iVo, sechero muvezi mukuru zvake aizotora humhizha hwake—hwake—hwake. . .

Zvino, kutanga, Vaiva nehumhizha hune hunyanzvi hwavo iVo. Asi zvino Vakaona kuti humhizha hwacho hwakanga hwakasurukirwa, sezvaVaive, saka Vakapatsanura humhizha uhwu nekuhurova parutivi ndokubuditsa mubatsiri.

⁵⁰ Uye zvino, kugadzira 2 ava kuva mumwe, Vakavaisa, sechero muvezi mukuru zvake, panzvimbo iyo—iyo yakanaka.

Mu—muvezi haaizombogadzira humhizha hukuru hune hunyanzvi, obva ahutora ohuisa mune mumwe mukoto pane imwe nzvimbo, kana kuhuvanza seri kwezvivakwa. Sezvatakaudzwa naIshe vedu, “Munhu haatungidzi kenduru oiisa pasi pedengu.” Patakava humhizha hwaMwari hune hunyanzvi, hatina kuvanzwa mune mumwe mukoto pane imwe nzvimbo. Ti—tinofanira kupa Chiedza.

⁵¹ Saka tinoona kuti—kuti iVo, mushure mokunge Vagadzira humhizha uhwu, Vakahuisa pano panyika, ndokuhuisa panzvimbo yakanakisa kwazvo yaivapo, mubindu reEdheni. Vakaisa humhizha hwaVo, 2 ava vari mumwe, mubindu reEdheni. Zvinofanira kunge zvakaVafadza zvikuru, kuti Vakaona kuti humhizha hune hunyanzvi uhwu hwaive hwakanaka. Ivo, mushure maizvozvo, tinoona kuti Vakazorora; Vakafadzwa zvikuru nebasa raVo.

⁵² Zvino rangerirai kuti, maonero angu, humhizha hune hunyanzvi kutema ikoko kwakanganisa humhizha hukuru hune hunyanzvi ihwoho hwaMosesi hwakaitwa naSaint Angelo muchivezwa ichi.

Uye kwaiva kutema ikoko kwakacheke divi rehumhizha hwaVo hune hunyanzvi, kwakaburitsa mwenga. Uye zvino tinovaona semhuri yehumhizha hune hunyanzvi mubindu reEdheni. Zvaive zvakanaka zvikuru! Uye zvakaVafadza kwazvo, kusvikira Vaka—Vakazorora ipapo. Vakati, “Ini, regai Ndizorore.”

⁵³ Asi paVainge vakazorora uye vachivimba nehumhizha hwaVo hune hunyanzvi, muvengi waVo akapinda ndokuwana humhizha hukuru uhwu. Zvino iye, nekunyengera, a—anokambaira nepasi pemadziro ebi—bindu, ndokubva a—

asvibisa humhizha hwakanaka uhwu. Iye—iye akahusvibisa, zvekuti hwa—hwakawa.

⁵⁴ Zvino ndiri kuedza kutarisa wachi iyo. Uye ndakumbira Mike, mwana wemunin'ina wangu, kuti aridze bhero iro mumaminetsi 30, asi ini...Haasati azviita, uye ndatova nemaminetsi 30. Asi, ndizvo, tichaenderera mberi zvishoma. Maona? Zvino, handidi ku—kutyora mitemo iyi. Ndini nda—ndakagadzira mitemo iyi, munooni, uye ini—ini...zvino hezvoka uchityora mutemo wako iwe wacho.

⁵⁵ Zvino cherechedzai, zvino, humhizha hune hunyanzvi uhwu. Satani paakahubata, munyengeri, akapoya nepamadziro, zvino—zvino ndokusvibisa humhizha uhwu. Nokuda kwekuti maitiro aakazviita, chii...Akazviita sei? Ndichapinda muhudzamu hwazvo. Kuti akazviita sei, kwaive...Humhizha uhwu hwaive murusvingo rweShoko, Shoko raMwari. Zvino humhizha uhwu, pachahwo, hwemhuri, hwaive hwakachengetedzwa neShoko iri. Asi chikamu chacho chakadimbuka, chakadimbura kubva pane chepamavambo, chakabuda kunze seri kwerusvingo irworwo, zvigopa Satani mukana wekuchikanganisa. Saka zvino sekuziva kwamunoita zvandinotenda pazvinhu izvozvo, saka handisi kuzotaura izvozvo. Asi humhizha hune hunyanzvi uhwu hwakaputswa.

⁵⁶ Asi, Muvezi mukuru, paAkaona kuwa kwemhuri yaKe, humhizha hune hunyanzvi uhwu, Akanga asingadi kungohusiya hwakawa ipapo, nechiso, uye hwakaparara. Akapinda pabasa, pakarepo chaipo, kuti ahuvake zvakare. Akanga asingadi kuti huparare, hurare ipapo saizvozvo nguva dzose. Nokuti, iYe ndiMwari, uye haAmbokundwa. Saka, Vakatangana kushanda pakarepo ndokutanga kuvaka, zvakare, mufananidzo waVo iVo, munhu.

⁵⁷ Zvino, tinoona kuti nyika yokuparadzwa nemvura zhinji yakauya ndokuparadza chinhu chacho chose, nokuti sungano dzakaitwa, dzakaitwa dziine zviga, “Kana ukasaita *izvi*, kana kuti ukaita *izvo*.” Mwari, Muvezi mukuru, vakaona kuti munhu akanga asingakwanisi—asingakwanisi kuchengeta sungano. Haatongokwanisi kuzviita. Hapatongorina nzira yacho zvachose.

Paindavhiyu nguva shoma yapfuura ndanga ndichitaura nemumwe munhu mukamuri, ari pano zvino. Ati, “Asi, Hama Branham, ndine zvinhu zvakanakisa kwazvo zvandi—ndinoziva kuti zvakaipa,” uye mudzimai mudiki ane—ane humwari.

⁵⁸ Ndikati, “Asi—asi, tarisai, hanzvadzi, musazvitarisa imi pachenyu. Zvinongori izvo zviru chishuwo chenyu uye nezvamunoedza kuita. Uye kana muchinyatsoda Ishe, munoedza kuVashumira nemoyo wenyu wese, zvino zvadaro kukanganisa kwenyu kwese kunovanzwa muRopa raIshe Jesu.” Maona? Munoonaka, Vakagadzira nzira.

⁵⁹ Saka Vakatangana zvino, kubvisa munhu kubva musungano dzaVo, dze—dzekuti, “Kana ukadai, Ndichadai.” Zvino Vakatangana nemurume anonzi Abrahamama, uye vakapa kuna Abrahamama sungano, isina zviga. Nguva yese paVaitanga kugadzira humhizha hune hunyanzvi, Satani aihutora, nekuti Shoko...Asi paVakatangana naAbrahamama, Vakati, “Ndakatozviiita kare.” Zvino iyi haina zviga zvachose, kwete izvo...kuti—kuti, “Kana ukadai, Ndichadai,” asi, “Ndakatozviiita kare.” Zvino iVo, mu—Muvezi, akatsunga kuva nehumhizha uhwu.

⁶⁰ Zvino, kubva kuna Abrahamama, kwakauya madzitateguru. Uye madzitateguru chaizvoizvo...Zvino Mwari vari kuitei? Vari kuvakazve humhizha hune hunyanzvi uhwu hwakanga hwawa. Saka, mumadzitateguru, wekutanga watinoona aive Abrahamama.

⁶¹ Zvino tarisai, humhizha hwese hune hunyanzvi hunoiswa panheyo, chivezwa. Chivezwa chaMosesi chakaitwa naAngelo chiri pamarble remafiti 3 kana 4. Chine hwaro. Saka, Mwari, mukugadzirira humhizha uhu, Vakahuisa panheyo yemadzitateguru. Zvino nheyo yemadzitateguru, kutanga, aive Abrahamama, ndokuuya Isaka, tevere Jakobho, kukazouya Josefa, makona 4.

⁶² Uye, zvino, Abrahamama ndiye aiva nheyo yekutenda. Ngatitii hwakange huine nheyo 4. Nheyo yekutenda aiva Abrahamama. Nheyo yerudo aiva Isaka. Nheyo yenyasha aiva Jakobho, nyasha dzaMwari kuna Jakobho; chero ani zvake anozviziva. Asi muna Josefa maiva nekukwaniswa, ndipo paVaigona kuisa chivezwa chacho; kwete panheyo yekutanga, nheyo yechipiri, nheyo yechitatu, asi panheyo yechina.

⁶³ Abrahamama akararatidza Kristu, hongu; ndizvo zvakaitawo Isaka, murudo. Abrahamama akazviita, mukutenda; Isaka akazviita, murudo; Jakobho akazviita, nyenyasha dzaVo. Nokuti, *Jakobho* zvinoreva “munyengeri,” uye ndizvo zvaaiva, asi nyasha dzaMwari dzakanga dziinaye. Asi kana zvasvika kuna Josefa, hapana chipomerwa paari, kakungomaranzurwa chete, nokuti nheyo yacho inofanirwa kuva humhizha hune hunyanzvi zvakare. Paakaudza baba vake, muporofita kuti, “Udzai Farao kuti vanhu venyu va—vachengeti vemombe uye kwete vafudzi vemakwai, nekuti mufudzi wemakwai chinyangadzo kumuEgipita.”

⁶⁴ Asi muporofita wekare paakasvika pamberi paFarao, akati, “Varanda venyu vafudzi vemombe.” Saka zvakahumaranzura, munoona, ndosaka zvichingohuita humhizha hune hunyanzvi.

⁶⁵ Zvino nheyo dzaiswa, kubudikidza nekutenda, rudo, nyasha, uye nekukwaniswa, kubudikidza nemadzitateguru.

⁶⁶ Zvino mutumbi wakauya pabasa iri pahumhizha hukuru hune hunyanzvi waiva vaporofita, vaiva ivo Shoko. Ndinovimba kuti munogona kuzviona. Maona? Vaporofita; kwete mirawo!

Vaporofita, nokuti vaporofita vaiva Shoko rakasimbiswa rinovaka mutumbi wacho; kwete madzitateguru. Vaporofita, ivo vaiva Shoko.

⁶⁷ Pakupedzisira, paVakatanga kare-kare mumazuva aMosesi zvichidzika kubudikidza nemuvaporofita, kune mumwe nemumwe. Zvino, pakupedzisira, mukuvaka mutumbi uyu, uchiswedera pedyo nguva dzose. Uye mukurusa pavari vose aiva Johane. Iro Bhaibheri rakataura kudaro. Jesu akazvitaure. “Hakuna murume, akazvarwa nemudzimai, mukuru saJohane Mubhabhatidzi,” nokuti ndiye wacho aikwanisa kuzivisa Shoko.

⁶⁸ Zvino ndokuzouya, pakupedzisira, Musoro mukuru, Musoro wazvo zvole. Mumwe mutumbi wese uyu waingotaura nezvaWo. Nheyo yakaiswa natateguru; asi mutumbi wacho wakaumbwa neShoko, vaiva vaporofita; zvino hoyo Musoro wazvo zvole, Jesu akauya panzvimbo. Ipapo, Musoro wacho pawakaiswa pahuri, tinowana maAri basa rose zvaro rakaitwa naMwari. Tinowana maAri mufananidzo wakakwana weShoko, nokuti Aiva Shoko, huzaro hweShoko. Zvino, zvakare, Mwari vane Humhizha hune hunyanzvi hwakakwana zvakare.

Sezvakataurwa naIsaya, “Tarirai Muranda waNgu, Humhizha hwaNgu hune hunyanzvi, hwaNdakaraidza mumakore ese ekuuya kweUyo akakwana. Zvino hoyo Amire pamberi paNgu chaipo, chakakwana!” Ipapo, ari mumufananidzo waVo pachaVo, achiraidza Mwari! Nokuti Akati, muna Mutsvene Johane 14, “Kana mukaona iNi, maona Baba.”

⁶⁹ Uye, zvakare, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari,” uye Shoko rakavezwa ndokuraidza zvaiva Shoko pakutanga. Ivo, Shoko, vachiraidzwa muHumhizha hune hunyanzvi hwaive mumufananidzo waVo iVo, Mwari vadzoka zvakare mumufananidzo waVo iVo, chimiro cheShoko chichiraidzwa mumufananidzo wemunhu, Humhizha hune hunyanzvi.

⁷⁰ Vaporofita vese vaiva nemavanga; vose zvavo vaingova chikamu. Asi pano, pakupedzisira, chichiuya kubudikidza naizvozvo, pakupedzisira ndokuuya Humhizha hune hunyanzvi, waCho akakwana, asina chipomerwa maAri zvachose, akaraidza zvakakwana Muvaki wacho pachaKe, mufananidzo waVo iVo wakaraidzwa mubasa raVo. “Mwari naKristu vaive Mumwe,” zvekutoti Vakatozovika pakuisa Mweya waVo iVo maAri, uye zvakare kunyange mufananidzo neMuvaki vakava Mumwe. Mwari nebasa raVo rekuveza, Humhizha hwaVo hune hunyanzvi! Apo zvaiva Mosesi, mubasa raSaint Angelo, aiva, kana kuti Michelangelo, waro, chaive chi—chivezwa chaive chisina hupenyu, nekuti chakagadzirwa nedombo. Asi pano, Muvaki Mukuru, paVakaita kuti basa raVo rive rakakwana, Vakapinda maRiri.

⁷¹ Vakanyatsokwaniswa kwazvo Mudzikinuri wevanhu, akakwana kwazvo, azere nehumwari; asi zvakadaro, pakanga pasina runako rwekuti tiMushuvire. Apo Mwanakomana waMwari mupenyu uyu akaberekwa nemhandara akave akanyatsokwana, nekuninipa, uye ari mumufananidzo waMwari, kusvikira Tenzi mukuru Akanga aunza Hupenyu hwaKe kubudikidza nemuvaporofita... Uye Akanga ari kuzadzikiswa kwevaporofita vose. Aive akakwana kwazvo, kusvikira, Mwari vachiona izvi, VakaMurova ndokudanidzira kuti, “Taura!” sezvakaitwa naMichelangelo. “Taura!”

Unoti, “Ndizvo here?”

⁷² Mutsvene Marko 9:7, tinoona, paGomo reKushandurwa, paye pakamira Mosesi, murawo, hoyo Eria amirepo, vaporofita. Nzira yose kubva kumadzitateguru, madzibaba, murawo, vaporofita, nevamwe vose vakamira ipapo. Tinonzwa Inzwi richidzika kubva mugore, ndokuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa; munzwei iYe!” Uye kana vachizonzwa, Anofanira kutaura. Aingova mazuva mashoma asati Arohwa. “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu, Uyo waNdinofarira kugara maAri. NdakaMuumba. Ndave nemakore 4,000 ndichiMuunza kuti ave izvi. Uye zvino, Akakwana kwazvo, Ndinofanira kutoMurova kuti Agotaura. Munzwei iYe! Ndiye waCho akakwaniswa. Iye, ndiYe Humhizha hune hunyanzvi.”

⁷³ Rangarirai, Akafananidzirwa nguva dzose, kumashure muTestamende Yekare.

TinoMuona ari Dombo murenje, rakarohwa, Dombo murenje. “Ndini Dombo riya raiva murenje.” Asi raiva dombo rakanga risati rasvika pakukwaniswa kwaro ipapo. Asi muchimiro chemufananidzo Rakatevera chechi, kuti itore kubva maRiri izvozvo zvaAigona kutora, opa Hupenyu kune avo vaAigona kupa Hupenyu kwavari. Asi Akanga ari Dombo iroro murenje. Akanga asati amboitwa munhu nazvino. Aingova mumufananidzo chete.

⁷⁴ Mosesi akaMuona amire paDombo iri. AkaMuona achipfuura nepo, zvino akati, “Chikamu chekumashure chemunhu.” Munoono, Muvezi wacho airatidza kuna Mosesi, uyo waigona kuva mufananidzo waKristu, kuti Humhizha hukuru hune hunyanzvi hwaizotaridzika sei paHwaizokwaniswa. Vakapfuura raVo... Vakaisa, kana kuti—kana kuti kuratidza kuna Mosesi chiratidzo chemataridzikiro ezvaizova zviri Humhizha hune hunyanzvi uhwu. Chaiva chikamu chekumashure kwemunhu, paHwakapfuura nemurenje.

⁷⁵ Rangarirai, Angelo aingogona kudାନidzira nekurova chivezwa, uye oti, “Taura!”

Asi zvanga zvakasiyana sei naMwari, Muvezi mukuru. PaVakaita munhu mumufananidzo waVo iVo, akakwana kwazvo zvekuti Akaratidza iVo, Mwari vakataura kuburikidza

nemufananidzo wemunhu, vachiratidza zvaVaizoita. Vakataura kubudikidza nevaporofita sezvo vaiva mumufananidzo wekukwanisika kwavo kuva iye, paVaiusvitsa kuMusoro. Asi paVakauya kuMusoro, Akanga ari mufananidzo wose waMwari; Vakanga vachizvifananidzira pachaVo. Zvino, akarohwa achiitira isu, zvino ndiYe Humhizha kwatiri, ChipochaMwari, Jesu Kristu, Hupenyu Husingaperi. Ndinovimba hatife takazvikanganwa izvozvo.

⁷⁶ Tichiona mazuva achisviba, tichiona mimvuri ichidonha! Paya, pandinofanotaura, “Kwangosara kutenderera kushoma kwezuya. Nyika ino inenge yaparara.” Munoziva here . . .

Nezuro, 4 Chikunguru. Thomas Jefferson akanga asaina chiziviso cherusununguko, iye nerimwe bhodhi raaiva naro, uye Bhero reRusununguko ndokurira, zvino takaziviswa kuti tasununguka, senyika. Maringe nenhoroondo, hakuna kumbobvira kwakava nehurumende yegutsaruzhinji chero panguva ipi zvayo inopfuura makore 200. Uye maiva muna 1776, Chikunguru 4. Uye tangosara nemakore 11 chete. Ichabudirira here? Kwete, hazvigone, munoona. Makore 11. Uye, zvikadaro, zvichaputsa nhoroondo yese.

⁷⁷ Uye tinoona chinhano chenguva. Tinoona chinhano chevanhu. Tinoona chinhano chezvematongerwo enyika. Tinoona chinhano chenyika. Haikwanise kumira. Inofanira kunyura, seTitanic. Inofanira kuenda pasi, nekuti yavo inopa nzvimbo. Nyika imwe inopa nzvimbo kune imwe, painowa pasi. Uye humambo huno hunofanira kuwa, nehumwe humambo hwese, kuti hupe mukana kuHumambo huya huri kuuya, husingagoni kuwa. “Nokuti tinogamuchira Humambo husingazungunutswi,” kubudikidza nemufananidzo waMwari wakakwana uyu, Humhizha hune hunyanzvi.

⁷⁸ Mwari, paVakatarisa paAri, Vakafemerwa kwazvo! Vakanyatso . . . kuMuona nenzira yaAitaridzika kuva, nekuona chi—chimiro chaKe, Vakanyatsofemerwa kuti hwaizova Humhizha hwakakwana hune hunyanzvi hweMudzikinuri, Jesu Mudzikinuri. Saka, Mwari, kuitira kuti vagorohwa, pachaVo; nokuti, kubhadrara murango waVo pachaVo, Mwari naKristu vakava Mumwe, kuti Mwari vagorohwa vari muMufananidzo, Vazogona kuiswa mavanga. Uye ndosaka Isaya akati, “TakaMucherechedza akarohwa nekutambudzwa naMwari. Zvakadaro Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, Akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu; kurohwa kwakatiunzira rugare kwaiva pamusoro paKe, uye nemavanga aKe takapodzwa.”

⁷⁹ Mufananidzo wakakwana, Munhu ari Mwari! Mwari, mu *en morphé*, vakanga vashanduka kubva pane cheMweya kuenda kuchiratidzo, zvino chiratidzo chakaiswa muMufananidzo. Uye

Mufananidzo wakarohwa kuitira kuti cheMweya chikwanise kuravira manzwiro erufu, Humhizha hwaMwari hwakakwana.

Havaigona kuzviita muna Mosesi. Havaigona kuzviita muvaporofita; Isaya, uyo akachekwa nemasaha kusvikira achekwa kuita zvidimbu. Havaikwanisa kuzviita muvaporofita vakatakwa nemabwe. Havaikwanisa kuzviita, nekuti haVaikwanisa kuzvinzwa; paingova nechikamu chaVo choga.

Asi muHumhizha hune hunyanzvi hwakakwana uhu, Aiva huzaro hweHumwari mumutumbi. Havaingokwanisa bedzi kuratidza Mosesi; Vaikwanisa kuratidza Hunhu hwaVo hwese muMunhu uyu, nekuravira rufu kuitura rudzi rwese rwevanhu. Humhizha hwaMwari hune hunyanzvi hwakakwana! Mwari, vakafemerwa kwazvo nekuHuona, Akava Mudzikinuri wemazera ose; kutaura vachimirira avo vari kumashure, vakambovapo kare, uye nazvino.

⁸⁰ Vimbiso dzose dzakazadziiswa maAri. Aive Kukwaniswa kwekukwaniswa. Mifananidzo yose yakazadzikiswa maAri; Mudzikinuri wedu weHama, muna Rute naBhoazi; mupi wedu weMurawo, kubva paGomo reSinai; Muporofita wedu, kubva murenje, sekuuya kwaAkaita achibva mugomo, sekuuya kwaAkaita achibva murenje; sekuuya kwaAkaita achibva munaZiyendanakuenda ndokuva munhu, Mufananidzo wakakwana!

⁸¹ Mwari, zvichidzika nemuzera, vachiveza, nemadzitateguru, uye vakagadzira puratifomu yaVo, ndokuvaburitsa kubva pazvinhu zvakasiyana-siyana zvaVaizoiswa hwaro iyi pazviri. Pairi ipapo Vakatanganga kuvaka Shoko raVo, ivo vaporofita. Uyezve, pakupedzisira, kwakazouya kuMuporofita akakwana wacho, Nheyo yakakwana, chiratidzo chakakwana chaive naMwari.

⁸² Uye zvino, kuitira kuti izvi zvitaure, iVo ndivo Shoko. Uye kuti Shoko ritaure, Vanofanira kupinda muMufananidzo. Uyezve kuti Mufananidzo uyu utaure, unofanira kurohwa. Vanopinda muMufananidzo wacho, uyezve kuitira kuti ugotaure, Mudzikinuri akakwana.

⁸³ Mifananidzo yose yemuTestamende Yekare yakazadziiswa maAri. Sezvandakatura rimwe zuva, Jehovha weTestamende Yekare ndiJesu weItsva. Hongu.

⁸⁴ Sevazhinji venyu, varume, madzimai, vezera rang; taimbova, munyika yese, nemakambani mazhinji emaChina ekuwacha mbatya. MaChina pavakatanga kupinda, vakabva kuWest Coast, vachifamba vachienda kumabvazuva, vachiuya kubva kunyika dzeKumabvazuva, vachiuya kuno. Zvino pavakadaro, vaiva vanhu vakanga vasingazivi mutauro wedu nenzira dzedu, asi vaive vanhu vanogona kuwacha mbatya zvakana. Uye havaigona kunyora tikiti kuti uzokwanisa kuwana mbatya dzako chaidzo.

Asi, muChina, akazviwanira chitsama chetumakadhi tusina kana chinhu patwuri zvachose. Saka kana waizouya kuzatora mbatya dzako, aitora kadhi iri oribvarura neimwe nzira; okutambidza chimwe chidimbu, uye iye ochengeta chimwe chidimbu chacho. Saka, zvino, zviri nani zvisihoma pane zvatinaazvo zvino, nekuti paunodzoka kuzatora zviri zvako, zvidimbu 2 izvozvo zvinofanira kunyatsopfekerana. Hawaigona kuzvitevedzera kana waida kudaro. Hapana nzira yekuzviita nayo. Unogona kugadzira tsamba dzekukopa, asi haugone kutevedzera kubvaruka ikoko. Zvinofanira kunyatsoenderana nechimwe chidimbu chacho. Naizvozvo, hembe dzako dzakasviba dzawakaunza, unogona kudzitira netikiti iri, nekuti raenderana netikiti radzoswa.

⁸⁵ Zvino Mwari, kubudikidza nevaporofita, nepasi pemurawo, vakatipomera kuchivi; uye murawo hauna nyasha, unongokuudza kuti uri mutadzi. Asi Jesu paakauya panzvimbo, Akanga ari kuzadzikiswa kwacho, Akanga ari ku—kuzadzikiswa kwezvose zvakanga zvavimbiswa naMwari. Akanga ari mufananidzo wakafanana chaizvo, wakakwana wevimbiso. Naizvozvo, vimbiso dzose dzeTestamende Yekare dzakazadzikiswa muna Jesu Kristu. Hadzaigona kuzadzikiswa muna Mosesi, hadzaigona kuzadzikiswa mune chero mumwe wevaporofita, asi dzakazadzikiswa muHumhizha hune hunyanzvi. Hwakaenderana nezvese zvaRakataura kuti Hwaizova.

Ndizvo zvinofanira kuitawo Chechi kuenderana nezvose zvavimbiswa naMwari. Inofanira kuva chidimbu chakabviswa paRiri. Saka kana chepakutanga chiri Shoko, ndizvo zvichaitawo vanhu vakatorwa kubva paRiri kuti vave Shoko, kuti vaenderane nerutivi rwaRo.

⁸⁶ Naizvozvo, muChina, waigona kuti utore...Paya, murawo paunokupomera zvino uchiti une tsvina, uye une mhosva, uye uchigona kukuisa mujeri. Asi paAkauya, ndiYe akanga ari chidimbu Chakaenderana nawo, chaigona kukuburitsa; nekukudzoserazve, kuti—kuti uve tikiti rizere, rudzikinuro rwakanga rwavimbiswa naMwari kareko mubindu reEdheni. “Mbeu yaKo ichakuvadza musoro wenyoka. Asi, chitsitsinho chaKe chichakuvadza—chichakuvadza musoro wayo.”

⁸⁷ Zvino tinoona Humhizha hune hunyanzvi hwakakwana uhwo Mwari vakanga vapedza. Zvino, tinocherechedza Aiva zvese zvahwakavimbiswa kuti hwaizova. Ndiye vimbiso dzose, zviporofita zvose, zvose zvakanga zvavimbiswa naMwari. “Mbeu yaKo ichakuvadza musoro wenyoka.” Zvino, haVaikwanisa kuukuvadza nemurawo, haVaikwanisa kuukuvadza nevaporofita, asi Vakazviita apo Mbeu yemudzimai payakava Humhizha hune hunyanzvi, Kristu. Akanga ari Dombo rakaonekwa naDhanieri rakatemwa kubva mugomo.

Ndiye Wacho aigona kurova. Ndiye Wacho aigona kukuvadza, kukuvadza musoro wenyoka.

⁸⁸ Hupenyu hwaKe hwakaenderana, chaizvoizvo, nehupenyu hwaMosesi. Hupenyu hwaKe hwakaenderana naDhavhidhi. Ngationei kana zvaiva izvo, kana Ari iye chidimbu chacho Chinoenderana.

⁸⁹ Cherechedzai Dhavhidhi, mambo akarambwa, pavanhu vake chaivo. Akanga ari... Rimwe zuva paakanga... Mwanakomana wake chaiye akamumukira, ndokupatsanura nekuparadzanisa muzvikwata mauto eIsraeri. Uye aive, Dhavhidhi, akadzingwa, kana kuti akadzingwa nevanhu vake chaivo, kubva pachigaro chake chehumambo.

Zvino ari munzira yake kubuda, paiva nemumwe murume aimuvenga, uye ainge achifamba ipapo, achisvipira Dhavhidhi. Murindi uya akavhomora munondo wake, akati, “Ndingarega here musoro wembwa iyo uri pairi, ichisvipira mambo wangu?”

Dhavhidhi akati, “Musiye akadaro. Mwari vamuudza kuti azviite.”

⁹⁰ Hamuoni here? “Murume wekusuwu, aiziva kushungurudzika. Anomira seGwai, pamberi pevaveuri, asingatauri.” Ivo... Akataura izvozvo. Zvichida Dhavhidhi akanga asingazive zvaaitaura.

Asi makore angangoita mazana 5, 6 mushure mazvo, kana kupfuura zvisihoma, Mwanakomana waDhavhidhi aipfuura nemumigwagwa mimwe cheteyo, uye Akasvipirwa. Asi cherechedzai zvakaitika paya, Dhavhidhi, achibva mune hwake—achibva mune hwake... paakatiza; uye achibva muhupoteri hwake, paaka—paakadzoka, murume iyeye akakumbira rugare netsitsi. Kunyange avo vakaMurova vachaMuona rimwe zuva paAchadzoka.

⁹¹ Uye tinoona zvino, muna Josefa, kuti Josefa aiva mukomana akaberekwa zvakasiyana, wekupedzisira, chikamu chepamusoro chenheyo, pachu paifanira kuvakirwa humhizha. Zvakabva pakutenda, nerudo, nenyasha, zvikasvika pakukwaniswa. Uye ndizvo zvakaitika, kubva patsoka dzepakutanga, kusvika pakukwaniswa muna Kristu. Cherechedzai kuti Akafananidzirwa sei muna Josefa, pamusoro penheyo, yakanyanyisa kukwana kudarika dzimwe dzose.

⁹² Tinoona kuti Josefa akaberekerwa mumhuri yake. Uye akauya kubudikidza nemudzimai aive pamutemo, chaizvoizvo, akanga ari mudzimai waJakobho. Uye cherechedzai, zvakare, kuti paakaberekwa, baba vake vaimuda; uye vakoma vake vaimuvenga, pasina chikonzero. Sei vaimuvenga? Nokuti aive Shoko.

Munoona nheyo yacho chaiyo? Munoona kuti musoro wenheyo wakauya sei? Zvino, tarisai Musoro wemutumbi, unouya. Zvino tarisai Musoro weMwenga uchiuya. Aiva Shoko.

Uye vakamuvenga nekuti aive muoni. Aifanoona zvinhu, nokuzvitaure. Zvaitika. Zvisinei kuti zvakatora nguva yakareba sei, zvaingoitika zvakadaro. Uye nekuva wemweya, akadzingwa kubva pavaoma vake. Vaifanirwa kunge vakamuda. Asi vakamuvenga, nekuti aive muporofita uye aive wemweya. Zvino vakamuvenga.

⁹³ Cherechedzai, akatengeswa nemasirivheri angade kusvika 30; akakandwa mugomba, uye somukufungidzirwa zvichinzi afa, asi akabuditswa mugomba racho. Uye munguva yake yekuyedzwa, mutirongo; mugadziri wewaini nemu—mubiki wechingwa, tinoziva kuti mugadziri wewaini akaponeswa uye mubiki wechingwa akarasika. Zvino muimba yetirongo raKristu, pamuchinjikwa, mumwe akaponeswa uye mumwe wacho akarasika; mbavha 2, vaiti vezvakaipa 2.

⁹⁴ Uye tinocherechedza kuti akatorwa kubva mutirongo rake, kuenda kuruoko rwerudyi rwaFarao; zvekuti hapana munhu aigona kutaura naFarao, asi bedzi kuburikidza naJosefa. Zvino Josefa paaibva pachigaro chaFarao ichocho, uye hwamanda yairira muEgipita yose, ruzha rwainzwika kuti, “Pfugamai nebvi, munhu wese, Josefa ari kuuya!”

⁹⁵ Ndizvo zvazvichavawo naJesu. Kutu Aidiwa sei naBaba, uye achivengwa nehama idzodzo dzemasangano, pasina chikonzero. Akatengeswa nemasirivheri 30, sezvazvaive; ndokuiswa mugomba, pakufungidzirwa achinzi afa. Pamuchinjikwa; mumwe akarasika uye mumwe akaponeswa. Uye akasimudzwa kubva pamuchinjikwa; zvino agere kuruoko rwerudyi rwaMwari, muHumambo, Mweya mukuru wakanga uchiratidzwa maAri. Uye hakuna munhu anogona kutaura kuna Mwari, asi bedzi kubudikidza naJesu Kristu. Pafungei! Uye paAnobva paChigaro ichocho, ochiuya, “Hwamanda icharira, uye ibvi rose richapfugama nerurimi rwose rwuchapupura.”

⁹⁶ Rangarirai, akanga ari mwanakomana webudiriro. Zvose zvaaita zvaibudirira. Mungava mutirongo, kana kungave kupi, zvaibuda zvakanaka.

Uye haVana here kuvimbisa vana vaVo kuti Vachaita kuti zvinhu zvose zvishande pamwe chete mukunaka? Kungava kurwara, mutirongo, rufu, kusuwa, chero zvazvaive, kuti zvaizoshandira mukunaka kune avo vaiMuda. Vakazvivimbisa, uye zvinofanirwa kuva saizvozvo. Zvinotofanirwa kuvapo. Zviri kufananidzira, zvakataurwa kwatiri maAri. Aive Mufananidzo uya wakakwana waMwari. Zvino tinoona pano, zvakare, kuti paAnouya zvakare...

⁹⁷ Rangarirai, Josefa nechizaruro akaponesa pasi rose, nechiporofita chake chikuru. Pasi rose ringadai rakafa dai akanga asiri Josefa.

Uye pasi rose ringadai—ringadai rakafa dai akanga asiri Jesu. “Nokuti Mwari vakada nyika kwazvo, zvokuti Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri arege kuparara.” Mwari vari kuchengetedza Hupenyu.

⁹⁸ Taigona kuramba tichingoenderera mberi nemberi! Nekuti, Aitongova anoenderana naDhavhidhi. Aiva anoenderana naMosesi. Aiva anoenderana naEria. Aiva anoenderana naJosefa. Zvinhu zvose zvinofananidzirwa kana kuti zvakafanotaurwa naYe muTestamende Yekare, zvikaenderana chaizvo mune izvozvo, (chii ichocho?) zvichiratidza Mudzikinuri akakwana. Kuti, tinogona kuisa mbatya dzedu dzekare dzakasviba munowachirwa, toenda kunodzitora zvakare. Dzakasukwa muRopa reGwayana. Tinogona kutora zviru zvedu. Uye zvose zvaAkafira, tinogona kuzvitora. Saka, Akanga ari Shoko rakakwana, rakaratidzwa.

⁹⁹ Zvakafadza Mwari, Muvezi mukuru, kuti vaMurove, nekuzviita nenzira iyi. TinoMuona muna Isaya pano, ndichiverenga, “Isu tose takaMucherechedza, tikafuratira huso hwedu kubva kwaAri. Hapana runako rwekuti tiMushuvire,” munhu wese achitaura nezvaKe, anoita dambe naYe. Ndiri kutaura nezvaKe zvino muzuva rino, munhu wese achiMuseka. Maona? “TakaMucherechedza, takaMuona.” *Kucherechedza* zvinoreva “kutarisa.” “TakaMucherechedza arohwa nekutambudzwa naMwari.” Zvakadaro, iYe, Akazviitirei? “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; Akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu.”

¹⁰⁰ Zvino, tinogona kungoenderera mberi nemberi nazvo, asi ndinotenda kuti mava nemufananidzo wezvandiri kureva zvino, Mwari vachivaka Humhizha hwaVo hune hunyanzvi.

¹⁰¹ Asi ngatisazvikanganwei kuti pakutanga paVakarova padivi raAdhamu, Vakatora chimwe chinhu kubva parutivi rwake.

Zvino, kurohwa kwaKristu kwaiva nechikonzero, kuti Vagatora kubva paAri, mumwe chete, kuti ave mhuri, Mwenga; Vagogona kuMutorera Mwenga. Saka Humhizha hwaVo pahwakakwaniswa, zvino VakatozoHurova, kutora kubva paAri; kwete chimwe chikamu, kwete chimwe chisikwa, asi chisikwa chimwe chetecho.

¹⁰² Hama yangu, usafunge zvakaipa pane izvi, asi imbofunga zvisihoma. Kana Vakatora kubva paAri, chisikwa chepakutanga, kuMugadzirira Mwenga, haVana kuzombogadzira chimwe chisikwa. Vakatora chikamu chechisikwa chepamavambo. Zvino, kana Aive Shoko, ko Mwenga unofanira kuva chii? Unofanira kuva Shoko repamavambo, Mwari vapenyu muShoko.

¹⁰³ Kimberley, South Africa. Pane imwe nguva ndaive ndakatarisa madhaimani, kuti aibuditswa sei kubva muvhu. Zvino ndakaaona ari ipapo. Sezvo, saka, mu—mukuru wefekitari, kana kuti mugodhi wacho, aive mumwe wemaasha angu mumutsara wekunamatira. Uye ndakacherechedza madhaimani acho, aikosha makumi ezviuru zvemadhora, akaunganidzwa pamwe chete, asi aisatombopenya kunyangwe pasi pechiedza. Zvino ndakati kumukuru wemigodhi, ndakati, “Sei asiri kupenya?”

¹⁰⁴ Akati, “Changamire, haasati achekwa nazvino. Anofanira kuchekwa. Zvino, kana achinge achekwa, ipapo anobva aratidza chiedza.” Hezvoka izvo.

¹⁰⁵ Humhizha hune hunyanzvi hunofanira kuchekwa. Cherechedzai, kuchekerwei? Chidimbu chinochekwa here? Kwete, kwete. Chidimbu chakachekwapo, chakagadzira tsono yevictrola, uye tsono yevictrola inoiswa pare—re—rekodhi rinova iro mumhanzi usingaonekwe nenyika. Asi tsono ndiyo inoubuditsa, inoubuditsa dudziro yechokwadi yeShoko.

¹⁰⁶ Hupenyu hwaKe hwakaenderana nevanhu vose. Zvakafadza Mwari kuMurova. Uye, zvino, sei VakaMurova? Nekuda kwechikonzero chimwe chete chaVakarovera Adhamu.

¹⁰⁷ Zvino tinoMuona arohwa, akarohwa naMwari uye akatambudzwa, Gwayana rakakwana remutadzi—vatadzi rakauraiwa, Humhizha hwakakwana.

¹⁰⁸ Zvino, kwemakore angada kusvika 2,000, Mwari zvakare vanga vachiMugadzira Humhizha hune hunyanzvi. Nokuti, Vakarova Adhamu kuti vatore chi-...chidimbu kubva paari, chikamu chake, mbabvu yekumugadzirira mudzimai. Uye zvino Humhizha ihwohwo hune hunyanzvi hwakakwana hwaVakarova paKarivhari, Vakabvisa chidimbu kubva paAri. Inongova Testamende Itsva, ndizvo zvoga. Akazadzisa Testamende Yekare. Zvino iTestamende Itsva, chimwe chidimbu chinofanira kuzadzikiwa. Munooni, Itsva neYekare murume nemudzimai. Maona? Uye vakatora Itsva kufano-...Yekare kufanoratidza Itsva; Kristu akauya, Humhizha hune hunyanzvi, kuzozadzisa izvozvo. Zvino Mwenga waKe uchazadzisa zvose zviri muTestamende Itsva. Humwe Humhizha huri kugadzirwa.

¹⁰⁹ Sezvo zvakaVatorera makore 4,000 kuti vagadzire Humhizha uhwu; zvino Vanga vari, kwemakore anoda kusvika 2,000 vachigadzira humwe Humhizha hune hunyanzvi, Mwenga waKristu, humwe Humhizha hune hunyanzvi. Mukuzviita, Vanozviiita nenzira yaVo isingambofa yakashanduka, nzira imwe cheteyo yaVakagadzira nayo Humhizha hune hunyanzvi; Shoko raVo. Ndiyo nzira yaVanogadzira nayo Humhizha hwaVo hune hunyanzvi, nokuti Anogona bedzi kuva Humhizha hwakakwana hune hunyanzvi kana Riri Shoko rakakwana.

Chero tsvina ipi zvayo, marara, zvikapfekedzerwa, hunopwanyika. “Asi matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko iroro harizombopwanyike.” Imi rangarirai, pakucheka dhaimani, kuti unofanira kuva neturusi rakakwana rekuzviita naro, hachisi chidimbu chese-chese chichazviita. Ndakaona matani ezvigayo zvikuru zvichipwanya nepakati paro, uye vofambisa matani makuru iwayo, vopfuudza dhaimani iroro neimomo. Kwete, hazvipwanyi dhaimani racho. Rinofanira kuchekwa.

¹¹⁰ Zvino Vari kuita zvimwe chete nenzira yaVo isingashanduki. Tinoona kuti, muna Maraki 3, Vakati, “Ndini Mwari, uye haNdishanduke.” Havakwanise kushandura maitiro aVo.

¹¹¹ Zvino, paVakatanga muna Abrahamu. Mushure mekuwa kwehumhizha hwekutanga, Vakatangira muna Abrahamu, panheyo, kuti vavake humwe humhizha hune hunyanzvi.

Vakatanga neZuva rePentekosti, kuvaka humwe Humhizha hune hunyanzvi, Mbeu yepamavambo, Shoko. Zvakatangira muChechi yekutanga. Chaiva chii? Shoko, Mbeu, Shoko rakaratidzwa, vimbiso yakanga yapihwa. Joere akati, “Zvichaitika mumazuva ekupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita, vatana venyu vacharota hope, majaya enyu achaona zviratidzo.” ZvaVaizoita mumazuva ekupedzisira, 2, makore 2,000 ekupedzisira.

¹¹² Cherechedzai, uye zvakatanga sezvepakutanga. Sezvakataurwa naJesu, “Shoko raMwari iMbeu yakadyarwa nemukushi.” Uye Aiva Mukushi. Mbeu yaiva Shoko. Uye, cherechedzai, chero mbeu ipi zvayo inogara iri yoga hapana zvainoita. Inofanira kuwira muvhu kuti ibereke chibereko chayo zvakare. Zvino Mbeu iyi, Chechi iyoyo yakakwana, yakawira pasi paNicaea, kuRome, payakava sangano.

¹¹³ Zvino, vanyori venhoroondo, rangarirai. Uye nemi muchazonzwa tepi ino, zviongororei uye muone kana zvisiri izvo. Chechi yakafira paNicaea, kuRome, payakatora dzidziso nezvitendwa, panzvimbo yeShoko repakutanga. Chaiva chii? Mwari vakanga varatidza, neChechi yekutanga iyoyo, kuti Vaiva Mwari. Vakanga vaine Chechi yakwaniswa; asi Chechi, sedzimwe mbeu dzose, inofanira kuwira muvhu yofa. Zvino, yakawira muvhu, ndokufa, ikaparara.

¹¹⁴ Munoziva, ndakaverenga bhuku, pano nguva shoma yapfuura. Mumwe munhu akanyora bhu—bhuku, uye akati, *Mwari Akanyarara*. Munogona kunge makariverenga. Ndakanganwa, ndi—ndinofunga Brumback... Kwete, handidarwo, handina chokwadi kuti ndiani akarinyora. Asi handicharangerira. Ndinaro mukamuri yangu yekuverengera. *Mwari Akanyarara*, akati, “Mwari, nemuchiuru chemakore emazera erima, vakangogara vanyerere uye havana kana

kumbofambisa ruoko, uye vakatarisa vaiurairwa chitendero vaive vakatendeka vachienda kugomba reshumba; uye vachipiswa nemaRoma; maurairo emhando dzose; madzimai vakakumurwa hanzu dzavo, vakatungidza moto pavhudzi ravo refu, raive netara, ndokuvapisa.” Rangarirai, bvudzi pfupi kutanga rakatangira muRome. Uye madzimai eMakristu aiva nevhudzi refu, saka vaka—vakarinyika mutara ndokuvatungidza moto, ndokuvapisa, uye ivo vasina kupfeka; vakavadyisa neshumba. Zvino munyori uyu anoenda mberi oti, “Ari kupi Mwari wacho iyeye?”

Oo, hupofu hwevanhu, dzimwe nguva! Hamuzive here kuti Mbeu iyoyo yaifanira kufa? Havana kumbobvira vakaedza kuvadzikinura. Vakaenda zasi mukukunda. Vakaenda zasi, vachibuda ropa uye vachifa, vachipa hupenyu hwavo. Sei? Yakanga iri Mbeu. Yaifanira kuwira muvhu, semuna, kutanga, Johane 12 inotiudza. “Tsanga yegorosi, inofanira kuwira muvhu uye imomo yofa; uye kwete kungofa chete, asi yotoora.” Asi sangano iroro harina kuziva kuti Hupenyu ihwohwo hwakanga huchirimo imomo. Kunyangwe chechi pachezvayo...

¹¹⁵ PaKanzuru yeNicaea iyoyo, yemazuva 15 ehurukuro dzezvematongerwo enyika dzaive neropa, vanhu vepamusoro-soro vaya pavaKapindamo uye vachida kupinza varemekedzwa vakuru ava muchechi. Zvino vaporofita vakabuda kubva murenje iroro, vachidya miriwo nekuputirwa mumatehwe emhuka, vaporofita vechokwadi, uye vakavadzanga. Sei? Mbeu inofanira kuwira muvhu. Inofanira kufa.

¹¹⁶ Yakafa mumazera erima, pasi muvhu rine rima. Vaifunga kuti yaive yapera. Munoziva, Mutsvene Johane 12:24, Jesu akati, “Kunze kwekunge tsanga yegorosi yawira muvhu, inogara iri yoga.” Uye Chechi yekutanga yaive kuberekwa ikoko, Mwenga iwoyo, Mbeu iyoyo, Shoko iroro rakaratidzwa, rakawira muvhu paNicaea, Rome.

¹¹⁷ Teerera, Chechi, munyika dzose dzichanzwa izvi. Heroka ivhu renyu, ndiwo masangano iwayo. Ipapo ndipo pakarovererwa Shoko, uye vakagamuchira dzidziso dzevanhu. Uye kwemazana nemazana emakore emazera erima, Simba nekuratidzwa kweShoko zvakanga zvakananzwa kunyika. ChiKatorike choga ndicho chaitonga. Tose tinozviziva izvozvo, pakuverenga nhoroondo. Kutonga kweChikatorike kwega.

¹¹⁸ Asi, hau—haukwanise kuvanza Mbeu ine chizenga chehupenyu, Inofanira kubuda nokuti (sei?) Muvezi mukuru ari pabasa. Ari kuzovaka zvakare. Saka iYe...

Mbeu yakaenda pasi, Shoko.

¹¹⁹ Patinoona Mutsvene Pauro, Petro, Jakobho, Johane, vose avo vakanyora Shoko. Uye vakanyora, Shoko ravakanyora rakava benyu, ndokurarama, uye Rakararama. Uye patinoona, mushure mekunge ratanga kuibva, Johane akatanga kunyora

mumatsamba, akakandirwa pachitsuwa chePatimosi mushure mekunge afashaidzwa mumafuta kwemaawa 24. Asi Shoko rinofanira kuuya. Rinofanira kunyorwa. Vakataadza kufashaidza Mweya Mutsvene kubva maari, nemafuta, saka akabudamo. Basa rake rakanga risati rapera. Akafa rufu rwepanyama.

¹²⁰ Polycarp, aiva mudzidzi waJohane, akatakura Shoko kuenda mberi. Uye kubva kuna Polycarp kwakauya Irenaeus. Zvino Irenaeus, munhu mukuru waMwari akatenda Vhangeri rimwe chetero ratinotenda, “Shoko raibva.” Chechi iri kuedza kuRisvina kuti ribude.

¹²¹ Pakupedzisira yakasvika paNicaea, Rome, zvino ipapo yakawira muvhu, mushure maMutsvene Martin, ndokupondwa. Mutsvene Martin aitenda zvimwe chetezvo zvatinotenda. Akamira pachinhu chimwe chetecho; rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu. Akamira muchinhu chimwe chete chaicho chatinoita. Uye aive muporofita, uye aitenda Shoko raMwari rakazara. Uye pakupedzisira vakarovererwa pamuchinjikwa, ndokupwanyirwa muvhu, ndokuraramo kwemazana emakore, kusvikira Mbeu yaora, kunze. Mitumbi yekare yaora. Ndakamboenda kuSaint Angelo, mumakuva emumapako epasi, uye ndikaona pavakafira, nemapfupa avo akapwanyika nezvose. Vakapedzisira vaora kusvikira mapfupa avo aparara, asi Hupenyu hwakange huchiripo.

¹²² Tsanga yegorosi yakawira muvhu pa...paKanzuru yeNicaea, yakatanga kumera zvakare, muna Martin Luther. Sechibage chero chipi hacho chiri kukura, kana gorosi; mushure mekunge mbeu dzaora, hupenyu hunobuda. Zvino yakatanga kubuda muna Martin Luther. Chii chaakaita, chinhu chekutanga? Akaramba sangano rechiKatorike, akapikisa kuti raive rakaipa. Nokuti, akati, “Vakarurama vachararama nokutenda.” Chaiva chii? Hupenyu husina simba hwakabuditsa mabukira madiki mashoma. Ndivo vaiva vanaLuther. Zvechokwadi haritaridzike setsanga yakapinda muvhu, asi Hupenyu huri kubuda zvino.

¹²³ Yakabva yaenda pakuva gunde. Zvino chii chakaitika? Mumazuva aJohn Wesley, chii chaakaita paakaburitsa kucheneswa? Akagara neShoko. Zvino zvakaitei? MaLutherani vakanga vazviisa muhurongwa ndokuita sangano, saka yakanga yava nguva yekuti chimwe chinhu chiitike. Humhizha hune hunyanzvi huri kuumbwa zvino. Chii chaakaita? Chii chaakaita? Akapikisa chechi iyoyo yeAnglican, akabuda mukuvandudzwa semuchekechera. Chii ichocho? Mbeu iri kuuya kuHupenyu, ichikura zvino.

¹²⁴ Zvino, gunde haritaridzike sembeu, kunyangwewo muchekechera.

¹²⁵ Zvino, hama dzePentekosti munyika dzose, ndinoda kuti muteerere, hama yangu. Kana ino iri Mharidzo yekupedzisira yandichazomboparidza, Uhwu ndihwo humhizha hwangu hune hunyanzvi. Munocherechedza here kana gorosi... tsanga yegorosi inowira muvhu, painotanga kuumbwa ichidzoka pakuva tsanga yayo—yayo zvakare?

¹²⁶ Tarisai zvisikwa. Zvisikwa, chaizvo, ndiMwari. Mwari vachishanda muzvisikwa, ndizvo zvoga zvaVanogona kuva. Asi kubva murumutsiro rwePentekosti, sezvavanofunga, yaive Mbeu; yaive isiri. Zvino tarisai. Asi chimwe chinhu chakauya chakangoita seMbeu. Zvino tarisai zvakataurwa naJesu, muna Mutsvene Mateo 24:24, kuti, “Mweya 2 mumazuva ekupedzisira ichange iri pedyo napedyo zvokuti zvaizonyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.”

¹²⁷ Zvino, gunde iroro haritaridziki sembeu; kunyange muchekechera hautaridzike sembeu. Asi cherechedzai zvino, kwete muzuva raLuther, asi muzuva rekupedzisira.

¹²⁸ Chinhu chekutanga. Pane varimi vegorosi vagere pano. Chinhu chekutanga chinobuda mumbeu yegorosi, unotopotsa wafunga kuti ndiyo mbeu yacho, asi (chii ichocho?) chikwande. Rinoumba kamwe kanhu kekunze, tingati, kekubata mbeu. Rinoumba chikwande. Asi chikwande handicho mbeu yacho, sezvaingovawo muchekechera kana gunde. Chinongova mutakuri wehupenyu, tsanga yegorosi, zvino. Mutsvene Johane 12, munoono, Jesu achitaura.

¹²⁹ Gorosi, mushure memuchekechera (mushure maWesley), rinobuditsa chikwande, chinova chepakutanga chaipo chakafanana netsanga yechero chii zvacho. Chikwande chakangoda kufanana netsanga. Chinoramba chichiwedzera kuita setsanga nguva dzose, iyo yakapinda muvhu. Zvino parinobuda, gunde, rinenge riine Hupenyu mariri, asi chokwadi harisi tsanga. Kunouya muchekechera, mukume, zvakadaro handiyo tsanga. Zvino kunochizouya chikwande, uye chingova muchimiro chegorosi, chakangofanana chaizvo netsanga yegorosi, asi zvakadaro handicho gorosi racho. Chinongova muchimiro chimwe chetecho, zvakakwana.

¹³⁰ MaPentekosti akabuda sezvaizongoita gorosi. Mumwe nomumwe anobuda kubva mune mumwe, achibuda kubva mune mumwe, asi vanongova mutakuri. Vanoenda kusangano. Uye ndizvo zvakaitwa nePentekosti, yakaenda kunova sangano. Uye Pentekosti yakaiti payakabuda iri sezvakaita tsanga? Yakadzokera chaiko, semuna Zvakazarurwa 17, kune rimwe remasangano anobatidzana naro. Ndizvo chaizvo. Ndizvo zvakataurwa naJesu.

¹³¹ Zvino tarisai. Evhangeri ichabuda kubudikidza naLuther, kubudikidza naWesley, ichipinda muPentekosti, uye pamazuva ekupedzisira zvichanyengera Vasanangurwa chaivo kana

zvichibvira. Vasanangurwa! Oo, hama dzePentekosti, hamusi kuona here?

¹³² Gorosi riri pamavambo aro epakutanga rakangofanana nembeu, parinotanga kuumbika sembeu, asi chikwande. Rakaita sangano, rikaita chaizvo zvimwe chete zvavakaita zasi kuno muna Luther. Muna Zvakazarurwa 17, zvinoratidza chinhu chimwe chete, chemachechi.

¹³³ Zvino, tsanga yaive Mbeu, pakutanga, yakawa paNicaea, nokuti raiva sangano rokutanga.

¹³⁴ Cherechedzai pano, Hupenyu hwaiva mugunde, muchekechera, hwose zvino hunoguma hwava muMbeu. Hupenyu hwakabuda muMbeu yepakutanga, hwakapfuura nemumatanho akasiyana (matanho 3 akasiyana), uyezve ndokudzokera kusvika pachinhano chaHwo chepakutanga. Hareruya! Oo, ini zvangu! Ndini munhu ari kufarisa pasi rose, kuti Mwari vakandiita kuti ndione iZvi. Tarisai kuti Shoko rakakwana zvakadii uye izvi (zvisikwa) zvinoshanda pamwe chete.

¹³⁵ Sekungoratidza kwatinoita rumuko; kubuda, zuva; kuvira kwezuya; richibuda zvakare.

Shizha richibuda kubva mumuti, chinodzika mukati, muto uchipinda mumudzi; wodzoka kumusoro, uye—uye shizha rodzoka zvakare pamwe chete nawo. Rinowira pasi; hupenyu hwemuti hunorisveta zvakare, calcium nepotashi, uye hworiunza kune rimwe shizha zvakare.

Munoona, zvisikwa zvose, zvinhu zvose zvinoshanda zvakanaka ne—neShoko raMwari. Uye hezvinoi izvi, chaizvoizvo, zvakanyatsokwana muMazera eChechi aya. Ndicho chikonzero Mweya Mutsvene wakaburuka ukadhirowa zvinhu izvozvo, uye ukatigadzirira nenzira yaWakaita. Ndizvo chaizvo.

¹³⁶ Cherechedzai, pano, Hupenyu hwaiva muchikwande. Mugunde, nemumuchekechera, muchikwande, hwose hwunoungana muMbeu. Uye Hupenyu hwaiva mugunde, hwakaenda, chimwe chakaenda kunogadzira chimwezve. Kururamiswa, kwakagadzira nzira yekucheneswa; kucheneswa, kwakagadzira nzira yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rwakagadzira nzira yekuti Mweya Mutsvene pachaWo udzike chaiko mukukwaniswa, kudzokera kuShoko zvakare, kuti rizviratidze pachaRo.

¹³⁷ Asi, icho chakaita sangano, chinofa. SeHupenyu, muna Luther, hwakaenda kunogadzira Wesley; uye—uye, kubva kuna Wesley, Hwakaenda kuPentekosti; uye, kubva kuPentekosti, kunogadzira Mbeu yepamavambo. Kusvika kuPentekosti, inobuda muna Wesley, kusvika panguva iyoyo. Chikonzero Pentekosti yakabva muna Wesley, nokuti yakanga isiri sangano, ndizvo zvaive Pentekosti. Zvino Pentekosti yakabva yaita

sangano, uye (yakaitei?) yakashanduka kuva chikwande. Yaitaridzika seChinhwa chacho chaicho.

¹³⁸ Uye, chero ani zvake, vangani vakamboona mbeu—mbeu yegorosi ichitanga kukura? Chii chinhu chidiki chekutanga? Chakangonyatsofanana nembeu, asi chikwande.

Munoona matanho 3? Gunde; muchekechera, kana kuti mukume; tevere chikwande; kwozouya, kubva muchikwande, kunouya Mbeu yepamavambo. Maona? Kwete Mbeu; hwaiva Hupenyu hweMbeu, huchikura kubudikidza neizvi, kuti huuye pakuva Mbeu. Amen, amen! Muri kuzviona here? Chii ichocho? Rumuko kubva kuvakafa, kudzokera kuHumhizha hune hunyanzvi zvakare, seIya yakadyarwa.

¹³⁹ Pentekosti yakabuda muna Wesley, nokuti Wesley aive sangano. Pentekosti yakabuda, isiri sangano, ikabva yashanduka kuva rimwe. Yaifanira kudaro, kugadzira chikwande. Shoko reHupenyu rechokwadi pairi, rakanga riri munzira yaro zvino kuTsanga yepamavambo, kubudikidza nematanho aya. Kubudikidza negunde, zvino ndokupinda mumukume; kubva mumukume, kunopinda muchikwande; uye kubva muchikwande, Rakagadzira Mbeu.

¹⁴⁰ Kwete, gunde, muchekechera, chikwande, zvichirama, zvakabereka (murumutsiro rwazvo rwepakutanga) mubati wechimwe chikamu cheHupenyu weMbeu; asi, pazvakaita sangano, Hupenyu hwakabuda kubva machiri. Zvinoratidzwa nenhoroondo yose. Hapana kana sangano rakamboita chimwe chinhu mushure mekunge raita sangano. Rakafa. Ndizvozvo.

¹⁴¹ Tarisai, Hupenyu huchifambira mberi zvino. Huri kufambira mberi.

¹⁴² Cherechedzai, zvavakaita, vose ava zvavakaita, zvinoratidzwa nenhoroondo chaizvoizvo nenzira iyo chechi yakauya, ikasazombova nebasa kwaVari zvakare. Sangano rakasendekwa parutivi. Hakuna kumbova, munhoroondo yose, nechechi, mushure mekunge yaita sangano, asi kuti yakafa. Zvino sangano rakafa uye harina kuzombomukazve. Hamusi kuzviona here? Vanhu vakapofomara, vhurai maziso enyu! Zvisikwa neShoko zvichibatirana pamwe chete uye zvichizviratidza pano chaipo kuti iChi ndicho Chokwadi, kuti ndicho Chokwadi. Hupenyu ihwoho hunosiya gunde, kugadzira muchekechera; kubva pamuchekechera, Hunogadzira chikwande; uye kubva muchikwande, Hunopinda mune chePamavambo zvakare. Cherechedzai, hazvisisina basa zvachose kwaAri zvakare.

¹⁴³ Hupenyu uhwu hunooneka zvikuru, mukufamba kwahwo mutsanga yegorosi, kupfuura zvauri mumuti. Mwari vakadana vanhu vaVo semuti; munoona, hupenyu hunodzika pasi, mumuti, uye hwodzoka kumusoro zvakare; hwodzika pasi uye hwodzoka kumusoro; munoona, hunodzika pasi uye hwodzoka

kumusoro. Asi, mutsanga yegorosi, hunokwira kubva mugunde repamavambo... kubudikidza nemugunde, muchekechera, nechikwande; uye chinhu chahwapfuura nemachiri, chinofa, saka hauchakwanisi kudzoka nemachiri zvakare. Chii ichocho? Hachisisina basa zvachose. Hunoenderera mberi kusvika pakukwaniswa kwahwo.

Ameni! Hamusi kuona here kuti sei Vasina kumbobvira vashandisa sangano? Havagone kudzoka mariri zvakare. Rakafa. Asi Hupenyu hunopfuurira mberi, kubva pane chimwe kuenda kune chimwe. Munoono, vanoisa zvitendwa, zvino vopfekedzera. “Ani naani achawedzera shoko rimwe chete, kana kubvisa Shoko rimwe chete,” munoono, anodziviswa paHuri. Inofanira kunge iri Mbeu yeHupenyu ichifambira mberi.

¹⁴⁴ Ndiri kushandisa izvi mumufananidzo zvino, weMwenga, Humhizha hune hunyanzvi huri kuuya. Humhizha hune hunyanzvi huchiwa, pane Humhizha hune hunyanzvi huri kusimuka. Humhizha uhwu hwakawa paPente... paNicaea, kuRome, paNicaea. Mushure meNicaea, Rome, Yakapinda nemumatanho, asi Iri kudzoka zvakare kuHumhizha ihwohwo hune hunyanzvi, hwakakwaniswa, nokuti iYe chikamu cheShoko iroto rakataurwa naYe. Achava ne “Chechi isina gwapa kana kuunyana.” Haizombobatanidzwa nechero mhando ipi zvayo yehurongwa hwesangano kana sangano, chinhu chakatukwa. Yakapfuura nemuzvinhu izvozvo, asi haizombovepo.

¹⁴⁵ Cherechedzai, mbeu iri kusimuka, Hupenyu ihwohwo huri kusimuka, kwete kudzoka shure. Hakusi kuzombovazve nerumuko rwevakafa mushure meizvi. Hupenyu huri kusimuka, kuti huende pakukwaniswa kwahwo, rumuko.

Cherechedzai, chikwande chakaburitsa iyo—iyo... Cherechedzai, chikwande chinoburitsa Mbeu yepamavambo kubva machiri. Muna Zvakazarurwa, chitsauko 3, tinoona izvi.

¹⁴⁶ Zvino rangarirai, hapana imwe chechi yaAkambobuditswa kubva mairi, muBhaibheri, yeMazera Manomwe eChechi. Vangani vanozvirangarira? Akapfuura nemuZera reChechi, kuti aenderere mberi kunogadzira chimwewo chinhu. Asi, ino ndiyo yaCho. Hakuchinazve chimwe. Asi mu—Muvezi adzokera pakukwaniswa zvakare, Shoko. Maona? Usadzokere shure. Zvakatosiyana chaizvo. Hongu. Oo!

¹⁴⁷ Uye cherechedzai zvino, chikwande, pachinouya, chinotaridzika chaizvo seTsanga. Asi kana Hupenyu hweTsanga hwatanga kubva muchikwande, kuti hupinde kunoita Tsanga (Mwenga), chikwande chinovhurika uye chobuditsa Tsanga yacho. Ndizvo here? Zvisikwa, ndizvo chaizvo zvachakaita.

¹⁴⁸ Muna—muna Zvakazarurwa 3, tinoona kuti Zera reChechi yeRaodhikia rakaMubuditsa kunze. Zvino, munoono, hazvina kudaro, kumashure mune mamwe mazera, nokuti paiva nechimwe chinhu chaifanira kuitwa. Hwakangopfuura

ndokuenda kune chimwe. Ndakuudzai, nguva yose iyi, hakusisina mamwezve masangano ari kuuya. Tave kumagumo. Zvino vakaMudzingira kunze nokuti (sei?) Iye—Iye—Iye iShoko, zvakare. Akafanana neUyo akawira pasi apo. Ndiye Dzidziso imwe cheteyo yakauya kubva pakutanga.

¹⁴⁹ Zvino kana Mbeu yeShoko yatanga kukura, chikwande chinobvisa kubva pachiri. Hupenyu hunosiya zvimwe zvose, kuti huItevere. Ndivo vatendi vechokwadi, vanotevera Hupenyu kungava chero kupi kunoenda Hupenyu.

¹⁵⁰ SemuIsraeri, mufananidzo wakakwana, dai taiva nenguva; ndinongova nemaminitsi mashoma asara. Asi mumufananidzo wakakwana, pakutanga, kwese kwakaenda Shongwe yeMoto iyoyo kwaiva neHupenyu. Mwari ndivo vaiva Chiedza ichocho. Uye handina basa kana paiva pakati pehusiku, kana kuti vaiva munzvimbo yakanaka yakasarudzwa; kana Shongwe yeMoto iyoyo ikafamba, hwamanda yairira uye Israeri yaifamba naYo.

Hareruya! Zvino hwamanda payakarira, Martin Luther akafamba achibuda naYo. Ndokubva aita sangano, akauraya . . . kwete iye pachake; vanhu vakamutevera. Zvino Mwari vakatora Hupenyu kubva imomo, ndokuHufambisa mberi, vakariradzika muguva.

¹⁵¹ Ndokubva kwabudawo Wesley. Akaona sangano guru riya, saka akaridza hwamanda, yekucheneswa, Shoko rakawedzerwa. Maona? Paakadaro, vakabva vafamba vachibuda, kubuda chaiko muna—muna Luther, kunopinda muMethodisti.

¹⁵² Uye Pentekosti payakaChiona, vakaridza hwa—hwamanda, yasvika nguva yekudzoka kwezvipo. Munooni here zvavakaita? Vakaridza hwamanda, ndokubuda kunze. Vakabva vaita sangano.

Asi, rangarirai, mushure mechikwande, ndiwo matanho 3 atinoziva, hapana chimwe chasara kunze kweTsanga. O Mwari! Uye zvakare Tsanga inoburitswa kubva machiri chose. Amen! naameni! MaShoko eMbeu anotanga kuZvumba, Hupenyu hunoburitswa kubva . . . Zvino cherechedzai, kana Chikomba, mavambo, pekutanga, Chikomba . . . Uyu Mwenga uri kuuya.

¹⁵³ Rangarirai, Chechi yakatangira paPentekosti, uye Ikawa paNicaea. Yakamera, kwete seTsanga chaiyo, kwete; hwaive humwe hweHupenyu imomo, asi yakamera kuitira kuti igadzire sangano. Uye Akapfuura nemusangano iroro. Zvino Hwakazoita sei? Ipapo Hwakaenda, kubva musangano iroro, Hwukanopinda mune rimwe sangano, ndokunopinda mune rimwe danho reShoko; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Maona? Uye paHwakapfuura nemugunde iri nedanho, Hwakaramba huchiuya hwakawedzerwa.

¹⁵⁴ Rangarirai, mukume mudiki wakawedzera, muchekechera wakada kufanana neMbeu kupfuura zviri gunde. Uye chikwande chakafanana neMbeu kupfuura zvaiva muchekechera. Asi Mbeu

pachaYo inopfuura izvozvo. Maona? Yakangoshandisa izvozvo sechekufambisa, kuti iZvipfuudze.

¹⁵⁵ Cherechedzai, Mwenga. Kana Mwenga, pamavambo, waive Shoko, kana kuti Chikomba; uye zvakare kana Mwenga watorwa kubva kuChikomba, Unofanira kuvawo Shoko zvakare. Cherechedzai, Mwenga unofanira kuva saizvozvo.

¹⁵⁶ Sei, sei Chikomba chichifanira kunge chiri Shoko rakaratidzwa, rakajekeswa? Imhaka yekuti Mwenga neChikomba chinhu Chimwe chete. Unongova chimedu chakarohwa kubva paAri. Hoyoka uyo Humhizha hune hunyanzvi. Hwakarohwa. Unoti. . .

¹⁵⁷ Michelangelo aisakwanisa kuhugadzira zvakare. Haana kukwanisa kuchidzosea.

Asi Mwari vari kuzozviita. Vari kuzounza Mwenga mudiki uyu, akarohwa, kudzokera chaipo parutivi rweShoko repamavambo. Zvino hoyoka uYo, hoyoka Humhizha hune hunyanzvi, mhuri yakadzoka zvakare mubindu reEdheni.

¹⁵⁸ Ko Mwenga uyu ari kuzozviita sei izvi? Ko Gorosi iri richazozviita sei izvi? Maraki 4 yakati, mumazuva ekupedzisira, waizodzoreredzwa zvekare, (chii?) kudzoreredzwa sepamavambo; kuwudzosa! “Ndichadzoreredza,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “makore ose ayo muteteni, negwatakwata, nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakadya. Ndichadzoreredza zvakare.” Maraki 4 yakati, “Vachadzoreredza moyo yevanhu, neKutenda kwevanhu, kuchidzokera kumadzibaba epakutanga zvakare.” Maona? Tinoona izvi pamberi pedu chaipo, Chechi. Tiri papi?

¹⁵⁹ Zvino, ndiri kuvhara mumaminetsi mashoma. Ndinoda kuti munyatsocherechedza chimwe chinhu chichangobva kuitika.

Maraki 4 ari kuzodzosa, kudzosea kumavambo chaiko.

¹⁶⁰ Akarohwa kubva muchechi, kubva pamutumbi wechечи; akarohwa pamwe naTenzi waKe, nechinangwa chimwe chete. Mwenga iShoko. Zvimwe chetezvo saJosefa akarohwa kubva kuhama dzake, nokuti akanga ari Shoko. Zvino Jesu akarohwa kubva kuhama dzaKe, nokuti Aiva Shoko. Chechi yakarohwa. . . Mwenga akarohwa kubva muchechi, nekuti iYe iShoko. Hawoka matanho ako zvakare; 1, 2, 3, munoona, saizvozvo chaizvo.

¹⁶¹ Shoko, richirarama uye richiita basa, Mwenga weBhaibheri, kwete mumwewo mwenga akagadzirwa nevanhu; Mwenga weBhaibheri, akarohwa nekutambudzwa naMwari. “Hapana runako rwekuti tiMushuvire, asi zvakadaro takaMucherechedza akarohwa uye nekutambudzwa naMwari.” Ndizvozvo. Anomira ega. Akarohwa kubva kumasangano ose, maringe naZvakazarurwa 3. Akarohwa kubva muZera reChechi yeRaodhikia raAkakudzirwa mariri. Maona? Chechi iyi

yakarererwa muZera reChechi yeRaodhikia; ndicho chikwande. Asi kana vamwe vaya vakaenda . . .

¹⁶² Ko imi varume vePentekosti hamugoni kuzviona here izvozvo, kana chimwe chacho chaiva chikwande uye chikafa? Kana chimwe chacho (gunde) chaifanira kufa, kana muchekechera waifanira kufa, saka chikwande chinofanirawo kufa; matanho 3 emasangano.

¹⁶³ Uye rangarirai, makati, “Saka, zvino, paiva nemichekechera yakawanda yakaremba pairi. Pane zvakawanda zveizvi.” Ehe. Pakambova neMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, church of Christ, zvimwe zvinhu zvidiki zvese izvi zvakawira pairi, mashizha nezvimwe zvese zvakanga zvakaremba pauri, asi chekutanga chaive kuvandudzwa, zvino, munoono.

¹⁶⁴ Anomira ega, seChikomba, “akarambwa nevanhu, akazvidzwa nekurambwa nemachechi.” Mwenga anomira saizvozvo. Chii ichocho? Humhizha hwaVo, munoono, iShoko raVanogona kushanda nemariri, richiratidzwa. Kuramba!

¹⁶⁵ Saka, gunde, muchekechera, nechikwande, hazvina kumbobvira zvava Mbeu, kwete, asi nguva dzose zvinongowedzera kufanana neMbeu.

¹⁶⁶ Zvino panguva yekukohwa, Mbeu yadzoka kuHupenyu hwayo hwepakutanga, kudzokera kuBhaibheri. Maraki 4 yakati yaizounzwa nenzira iyoyo. Oo, oo, ini zvangu! Inofanira kuva nezvose! Kuti ive nenzira iyi, Inofanira kuva neShoko rose. Ndizvo here?

¹⁶⁷ Zvino Akati kudii, muna Zvakazarurwa 10, zvaizoitika? Sei rwendo rwakavapo rwekuTucson? Kuzarura kuChechi. “Mumazuva emutumwa, emutumwa wechinomwe, Mharidzo yemutumwa wechinomwe, Shoko rose raMwari raizoratidzwa. Chisimbiso, ndicho chose chakasiwa negunde, zvokuti sei uye nezvose pamusoro paCho, zvaizoratidzwa munguva ino.”

Ndizvo zvakataurwa neShoko here? Zvino, tinozviona. Zvino tave papi, munoono, tave papi? Pane chinhu chimwe chete bedzi, kukohwa kwasvika. Anyatsoibva. Agadzirira zvino paKuuya. Cherechedzai.

¹⁶⁸ Kwete, hazvimbofa zvakava iYo. Panguva yekukohwa, Mbeu yadzokera kuchinhano chayo chepakutanga, uye inofanira kuva neShoko rose, kuitira kuti ive Mbeu. Zvino, haugoni kuva nehafu yeMbeu; haikure. Maona? Inofanira kuva Mbeu yose. Haifanire kuratidza . . . Woti, “Ndinotenda murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Hareruya! Ndinotenda mukutaura nendimi.” Chinongova chikamu cheMbeu, uh-huh, asi zvino pane zvawedzerwa kune izvozvo. Hareruya! Maona? Hupenyu, kwete zvipo; Hupenyu hwezvipo. Munoono, munoono zvandiri kureva? Tave panguva yekuguma, hama.

¹⁶⁹ Gunde, muchekechera, chikwande, zvakafa uye zvakaoma zvino. Pane chinhu chimwe chete chinofanira kuitika kwazviri, kuunganidzwa muMubatanidzwa weMachechi ePasi rose kuti zvigopiswa.

¹⁷⁰ Shoko rava nyama, chaizvoizvo sezvaVakavimbisa muna Ruka 17, Maraki 4, neose, munoona, ndizvozvo, Zvakazarurwa.

¹⁷¹ Hupenyu hwese hwechokwadi hwaiva mugunde, muchekechera, nechikwande, huri kuungana zvino muMbeu, hwagadzirira rumuko rwevakafa, hwagadzirira kukohwa. Arufa ava Omega. Amen. Wekutanga ava wekupedzisira, uye wekupedzisira ava wekutanga. Mbeu, yakadyarwa, yakapinda nemumatanho ndokuva Mbeu zvakare.

Mbeu, yakawira mubindu reEdheni, ndokufira ipapo, yakadzoka. Kubva mumbeu iyoyo isina kukwana yakafira ipapo, yakadzoka kuva Mbeu yakakwana, Adhamu Wechipiri.

¹⁷² Evha wekutanga akawa, ndokushandiswa mukuvandudzwa kwechipiri. . . kuuya kwechipiri, sekubereka mwana, zvino ava Mwenga wechokwadi zvakare, Mbeu, kudzoka chaiko neShoko repamavambo zvakare.

Arufa naOmega ndiye mumwe chete. “Ar-...” Akati, “Ndini Arufa naOmega,” haAna chaakambotaura nezviri pakati. Uh-huh. “Ndini Arufa naOmega, Wokutanga noWokupedzisira.” Hongu, changamire.

¹⁷³ Shumiro yekutanga neshumiro yekupedzisira zvimwe chete. Mharidzo yekutanga uye (yechipiri) Mharidzo yekupedzisira chinhu chimwe chete. “Ndiri, Ndaive muna Arufa; ndiri muna Omega.” “Kuchava nezva risingazonzi masikati kana husiku, asi munguva yemanheru kuchava neChiedza.” Munoona, Arufa naOmega, akava wekutanga newekupedzisira. Oo, ini zvangu, hama, taigona kugara maawa pazviri izvozvo.

¹⁷⁴ Humhizha hukuru hune hunyanzvi hwemhuri, Adhamu weChipiri naEvha weChipiri, zvino vagadzirira bindu, Mireniyamu, ameni, kudzokera panyika. Hareruya! Muvezi mukuru haana kuvasiya vakarara ipapo. Akatora nguva, sezvaAkaita mumamiriyoni emakore, achiumba vaviri vekutanga vakakwana; zvino vakawa. Zvino zvave kubudikidza nemuzviuru zvakore, Akaumbazve, uye zvino havoka vagadzirira.

¹⁷⁵ Humhizha hwakauya hukaroverwa pasi; kubva parutivi rwaKe pakabuda mubatsiri.

Uye Iye anounzwa nematanho mamwe chetewo. Zvino hoyoka Adzoka zvakare; nezvisikwa zvose, Bhaibheri, nezvimwe zvose, zvichiratidza pano patiri.

Marudzi ari kupamuka, Israeri iri kupepuka,
Zviratidzo zvakafanotaurwa neBhaibheri;

Mazuva eMarudzi ave mashoma, (Tarisai boka
iri remarara ratinaro.) azere nezvinotyisa;
“Dzokai, O vakapararira, kune yekwenyu.”

Ndizvozvo. Zviri nani upinde imomo nekukurumidza, kana uri kuenda.

Ndiri kugadzirira kuvhara mushure memaminitsi kuda 5, 10.

¹⁷⁶ Cherechedzai humhizha hukuru hune hunyanzvi, hwemhuri. Murume nemudzimai havagone kuva mhuri chaiyo kunze kwekunge vari mumwe. Vanotofanira kudaro. Kana vasiri, havasi mhuri yakanaka; mudzimai achidhonzera kune rimwe divi, uye murume kune rimwewo. Izvozvo zvinoita mhuri yakaipa kwazvo. Asi mukubvumirana, nerudo mumwe kune mumwe, ndiyo mhuri. Uye zvino ndihwo hwaive humhizha hwaMwari, uye zvino mhuri yose yechokwadi pano inoratidza izvozvo. Maona?

Uye zvino mhuri yeHumhizha yadzoka zvakare, Kristu neMwenga waKe, vagadzirira kuuya. Adhamu Wechipiri, Evha weChipiri, vagadzirira zvino kudzokera Kumusha kwavo. Uye mufananidzo wacho wose wanga uchingova rudzikinuro. Kubva pawave, kuudzosa zvakare, munoona, kunyatsoudzosa zvakare. Mushure . . .

¹⁷⁷ Rimwe zuva, ndakamira kumusoro kuno kuChristian Business Men. Vazhinji venyu, ndinofunga, maiveko. Pandakanzwa muprisita wechiLutherani, kana kuti muparidzi, kana kuti aifanira kunge ari, akasimuka ipapo ndokutaura chinhu chiya chisina musoro, uye akaita dambe nezvatinotenda mazviri. Uye ivo veFull Gospel Business Men vaine murume iyeye ikoko, uye achitaura izvozvo. Akanga akapfeka kora yake yakapindurudzwa. Vazhinji vavo vanodaro zvino. Zvino akati, “Zvino, vanhu vanondibvunza kuti sei ndichipindurudza kora yangu, ndokuti, ‘Vanozokusiyana chirudzii nemuprisita weKatorike.’” Akati, “Hapana mutsauko, uye haufanire kuvapo.” Akati, “Tose tiri vana vaMwari.” Akati, “Ndinoziva muprisita wechiKatorike ari kwese-kwese, munoona, anogona kunge aripo kwese-kwese.”

¹⁷⁸ Zvino haugone kuva kwese-kwese usingazive zvese. Mwari havasitombori kwese-kwese; Mwari vanoziva zvese. Muzivazvose, zvinoVaita kuti vave kwese-kwese, Vanoziva zvinhu zvose. Asi, kuti vave Munhu, Vanofanira kuva muMunhu mumwe chete. Nekuva muzivazvose—muzivazvose, Vanokwanisa kunge vari kwese-kwese. Nokuti, Vanoziva zvinhu zvose, uye vakatozviziva vasati. . . Vakaziva, nyika isati yavambwa, kuti inda ngani, nhata, kuti tumbuyu tungani, uye kuti kangani kazvaizobwaira maziso azvo, nezvose pamusoro pazvo, munoona, nokuti Vari kwese-kwese. Haukwanise kuva muzivazvose—muzivazvose usiri uyo asina magumo. Uye pane

chinhu chimwe chete chisina magumo; Mwari. Amen! Uye zvakare isu. . .

¹⁷⁹ Chii ichocho? Ndidhiyabhore, achivaendesa vakananga pakunourayiwa ipapo chaipo. Mumwe nemumwe wavo achipinda, chaizvo zvakataurwa neBhaibheri. Uye hezvinoi, munoon, zvauya chaiko pakati pemaPentekosti, uye zvinongovadhonza vakanyatsonanga zvingori se... Inguva yakadini!

¹⁸⁰ Oo, mushure mechapupu ichocho, mumwe munhu akati kwandiri. . . Ini—ini. . . Zvaive zvakana kuta kuti handina kutaura zvakawandisa, nokuti pamwe vaizondiisa mujeri kumusoro ikoko. Asi ndakangofunga kuti, “Hezvoka izvo.”

Va—vanhu vakadzidziswa, vanoziva. “Vakachenjera vachaziva Mwari wavo, nezuva iroro,” rakadaro muna Dhanieri. Hongu, changamire. Munoon, “Vakachenjera vachaziva Mwari wavo.” Vari kutarisira zvinhu izvi.

¹⁸¹ Asi pandakazviona zvichiitika, uye nemaPentekosti iwayo akamirapo naye! Kunyange Oral Roberts akanditarisa saizvozvo. Ndakati, “Oo, ini zvangu!” Uh! Asi, akamira kumusoro ikoko nedzidzo, yakakwenenzverwa, munoziva, nezvimwe zvakadaro.

¹⁸² Handiyo nzira iyo Mwari vanokwenenzvera vaVo. Havakwenenzveri vaVo nedzidzo. Vanokwenenzvera nekuninipa, mu—musimba reShoko raVo rakaratidzwa, kuratidzwa kwechimiro cheTsanga kwaYakabva.

¹⁸³ Zvino, mumwe munhu akati kwandiri, akati, “Hama Branham,” akati, “pane chinhu chimwe chete chandisinganzwisise pamusoro penyu.”

Ndikati, “Chii ichocho?”

¹⁸⁴ Ndakamira kunze ikoko muhoro. . . Ndinofunga, Hanzvadzi Dauch nevamwe, mushure mekunge ndakwazisana maoko naBill, uye ndakamira ipapo; uye vese vakaenda nepane imwe kona, neboka rese revanhu. Mumwe mushumiri akamanikidzira nzira yake kupinda, kora yakapindurudzwa, akati, “Seiko muchigara muchingotsiura vanhu?” Akati, “Vanhu ava vanotenda kuti muri muranda waMwari, uye ivaika munyoro uye muchitapira kwavari, nezvose.” Akati, “Pese pandinokunzwai maenda kumusoro, munenge muchitsiura madzimai, pamusoro pekuva nevhudzi pfupi, uye nezvekupfeka zvikabudura, nekuisa mekapu, nezvimwe zvinhu zvose izvi; nekutsiura vanhu, nekuvaudza kuti vakatonhora sei uye ndevetsika uye havana hanya.” Akati, “Sei muchidaro?” Akati, “Vanhu ivavo vanokudai. Ko mungava sei mwanakomana waMwari ane rudo uye muchiita chinhu chakadaro?”

Ndakafunga, “Ishe, regai ndipindure murume uyu akangwara. Maona? Ingonditenderai ndimupindure, pane imwe nzvimbo, zvichamusungirira patambo yake iye.” Ehe.

Ndakati, “Zvinoka,” ndakati, “changamire, makamboverengawo here nezvemunyori mukuru wemimhanzi anonzi. . . nyanduri mukuru anonzi Beethoven?”

Akati, “Oo, chokwadi, ndakaverenga nezvaBeethoven.”

¹⁸⁵ Ndakati, “Zvichida akatobvarura mabhasikiti akazara mapepa akaraswa, asi akapa nyika humhizha hune hunyanzvi.” Haana kuzombovhura muromo wake achitaura rimwezve shoko. Ndakati, “Paainge agere mukamuri yake yokuverengera ari pasi pekufemerwa, ainyora chimwe chinhu pasi. Aipinda muimba yake yekuverengera onamata. Kana chisina kunaka, airiunyanidza orikanda mubhasikiti remarara. Asi paakazopedza, mukufemerwa kwese, nyika yakava nehumhizha hune hunyanzvi.”

Oo, Shoko rinocheka zvikuru, asi Rinoburitsa humhizha hune hunyanzvi; uh-huh, rinobvisa chikwande chose negunde. Rinounza Humhizha hune hunyanzvi.

¹⁸⁶ Ndine maminitisi 7 kuti ndikuudzei chimwe chinhu chakaitika marimwezuro, kuti tibude nenguva. Chikunguru 3, ndaiva pano ndakagara mu. . . nzvimbo ino iri pano, kuzvitoro zviri pedyo nesu kuno. Ndakamboenda kuPigalle, kuRome, kuFrance, uye ndakamboenda kuNew York City, Los Angeles. Asi boka remadzimai akanyanyisa kuva netsvina randati ndamboona muhupenyu hwangu iJeffersonville, Indiana. Handisati ndamboona huyanga netsvina muhupenyu hwangu sezvandinoona pakati pevanhu ivavo. Ndakagarapo kusvika moyo wangu warwadza, zvino Ishe vakandipa chiratidzo.

Zvino ndiri kuzotaura chiratidzo chacho. Handizive kuti ndinogona kuchidudzira here, asi ndi—ndiri kuzotaura chiratidzo ichi kekutanga.

¹⁸⁷ Ndakabatwa mumweya. Zvino, pandakadaro, pane mumwe Munhu aiva neni. Handina kuona Munhu wacho. Raingova Inzwi chete. Zvino nda—ndakatarisa. Zvino panda—ndakatarisa nechekuno uku, Akati, “Mwenga uchauya pachena kuti ufanoonekwa.”

Uye ndakatarisa, vaiuya kwandiri, zvino ndakaona boka remadzimai vakanyanyisa—vakanyanyisa kunaka vakapfeka zvachena kupfuura vose vandati ndamboona muhupenyu hwangu. Asi mumwe nemumwe wavo, zvaiita sekuti, aive akapfeka zvakasiyana. Vese vaiva nevhudzi refu. Uye dzaive hembe dzine maoko marefu nemasiketi, nezvimwe zvakadaro. Madzimai echidiki, vairatidzika sekunge, ndingati, vangangoita 20.

¹⁸⁸ Zvino ndine Bhaibheri rakazaruka pano pamberi pangu. Maona? Ndinogona chete kutaura zvandakaona.

Kana ukati, “Makatarisei?” Ndakatarisa pawachi. “Muri kutsvagei?” Ndiri kutsvaga vanhu, ndakatarisa vanhu. “Chii chamakatarisa?” Ndakatarisa paBhaibheri. Ndizvo zvacho. Ndiri kutaura Chokwadi. Ndizvo zvandiri kuona. Uye ndinogona kungotaura chete zvandakaona. Handi—handizive kuti izvo . . . zvose pamusoro pazvo. Ndinotongofanira kukuudzai.

¹⁸⁹ Asi, apo Mwenga uyu, Akanga akanyatsotarisa kune . . . Uyo aitura neni, uye neni, takamira pamwe chete. Maziso ake, Aive vanhu vakachenesa, vanotaridzika zvinotapira kupfuura vese vandati ndamboona muhupenyu hwangu. Zvinoita sekunge vaigona kuva dhazeni, kana kudarika, kungoti . . . Handizive kuti vaiva vangani vaifamba vari padivi nepadivi, asi ipapo vangori muboka ravo. Zvino Akapfuura nepo, zvainyatsotapira, aine chiremerera. Zvino maziso aKe akasimudzwa, akatarisa, paAipfuura. Oo, Aive tsvarakadenga! NdakaMutarisa, zvino paAinge achipfuura. Akati, “Zvino tichaona zvakare . . .” Akati, “Ndiye Mwenga uyo.”

“Zvino tichaonazve machechi.” Zvino akauya. Ndakavacherechedza vachiuyapo. Zvino pavakauya, mumwe nemumwe, vachiita sokunge, vaitowedzera kuipa. Handisati ndamboona boka rakadaro rine tsvina muhupenyu hwangu.

Zvino paAkati, “Vanotevera,” ndakanzwa ruzha. Zvino Rakati, “Vanotevera,” ndokuti, “hero boka rekuAmerica rouya.”

¹⁹⁰ Zvino, ndiri munhu wekuAmerica, asi izvi—izvi zvakandirwarisa. Handigone kunyatsotaura zvinonzwika, pakati peungano ine vanhu vakasangana-sangana, kuti nditaure zvakanga zvichiitika. Ini—ini—ini . . . Uye munotofanira kuverenga pakati pemitsara. Asi vakadzi ava pavaiuya, mutungamiriri wavo aive muroyi. Aive nemhuno refu kwazvo nemuromo mukuru kwazvo. Uye vese zvavo vakanga vakapfeka imwe mhando yembatya pfupi zasi kuno; asi pamusoro paingova netambo, iyo, kachingova katambo kadiki, kanenge hafu yeinji kaikwidza kakavamonera sezvizvi. Uye mukadzi mumwe nemumwe aiva nechimwe chinhu chakada . . .

¹⁹¹ Vazhinji venyu, makore apfuura, maimborangarira pataisicheka bepa riya, munoziva, bepanhau, uye togadzira chokudzingisa nhunzi chakudhara? Vangani vanozviyeuka? Munoziva. Handiti, ndinofunga kuti vanochishandisa mumacarnival, munoziva. Chakaremba zasi saizvozvo, bepa rakachekwa-chekwa, bepa reresi.

Vaiva nechimwe chinhu chakabata zasi kwavo, sezvizvi, chakabata zasi kwavo. Chikamu chose *ichi* chiri pachena.

Uye mumwe nemumwe wavo aive nevhudzi rakagerwa kuita pfupi chaizvo, nezvinhu zvaitaridzika kubvangananyuka pariri

rose saizvozvo, bvudzi pfupi chaizvo rakagerwa; uye vazere nemekapu. Vasina kana chinhu kunze kwekutaridzika sepfambi dzemumugwagwa.

Uye vaifamba nebepa iri, uye, zvinyadzi! Zvino, bepa iri ndiro raive rakabata pamberi pavo. Asi pavakapfuura panzvimbo yekuonekwa, kumashure kwavo... Uye nekuona mafambiro avakanga vachiita, pamberi pavo nekumashure kwavo, nemaitiro avaiita!

Ndakati, “Ndiyo Chechi yacho here iyo?”

¹⁹² Zvino hoyo ndokuenda. Uye vaiimba nziyo idzi pano dzetwist-and-roll, munoziva, kana chero zvamunodaizwa, vachidzika zasi, vachiimba izvozvo uye vachipfuura zvavo.

Ndakati, “Ndiyo Chechi yacho here iyo?” Zvino ndaive ndakamirapo, uye ndaichema mumoyo mangu.

Zvino, muroyi uyu, mukufunga kwangu hachisi chimwe chinhu munyika kunze kwekuti iye... Ndiye Mubatanidzwa wemaChechi ePasi rose uya, achivatungamirira vakananga zasi nenzira yaaienda nayo. Vakaenda nekuruboshwe, ndokunyangarika munyonganyonga; vachiri kuridza mimhanzi iyi vachiita ruzha rwusinganzwisike chairwo, uye vachizunza miviri yavo, rumwe rutivi nerumweze rutivi. Uyezve, saizvozvo, vachienderera saizvozvo, vachifamba.

¹⁹³ Zvino ndakatanga kukotamisa musoro wangu, zvino Akati, “Mira, Mwenga unofanira kudzoka zvakare.”

Zvino ndakatarisa, zvino havo ndokuuya zvakare. Zvino vakapfuura, vasikana vadiki vanotaridzika zvinotapira chaizvo. Vose vaive vakanyatsonditarisa, vachipfuura. Uye ndakacherechedza kuti mumwe nemumwe aive akapfeka zvakasiyana. Uye mumwe kumashure aiva nebvudzi refu rakaremba zasi, uye ndokuva naro rakamoneredzwa sezvizi; anogona kunge aiva muJerimani kana chimwe chinhu chakadaro. Zvino ndakavatarisa.

Zvino ipapo pavakatanga kuenda, 2 kana 3 vavo, kumashure, vakaita sekubuda mugwara, uye ndaida kudaizira kwavari. Uye vaiedza kudzoka mugwara zvakare. Zvino ndakavaona, chiratidzo chacho chakangonyangarika ndokushanduka, kubva kwandiri.

¹⁹⁴ Zvino heino dudziro yacho. Chikonzero... Zvino, rangerirai, ndanga ndichangopedza kunyora... Ndanga ndisati ndapedza, ndanga ndisati ndatonyora manotsi aya. Asi mukuparidza, mangwanani ano, ndabata zvazvanga zviri, mumharidzo yangu chaimo. Macherechedza here, chechi yakangoonekwa...

Zvino, ndicho Chokwadi, shamwari. Baba veKudenga, Vanonyora Shoko, vanoziwa kuti ndiri kutaura Chokwadi. Maona? Ndinoziwa kuti ndiri kungotaura Chokwadi.

Uye ndisingazvize kusvikira maminitisi mashoma apfuura, zvataridzika sokudaro, kana kuti nguva shoma yapfuura, munoona. Macherechedza here? Mwenga wakauya pakuonekwa kaviri; Mbeu yekutanga neMbeu yechipiri, vose vari vaviri chaizvoizvo Mumwe cheteyo. Uye chikonzero sei vaive vaka... vakapfeka zvipfeko zvakasiyana-siyana, Achabva kumarudzi ose, zvichaumba Mwenga uyu. Mumwe nemumwe wavo aiva nevhudzi refu, uye asina mekapu, uye vasikana vakanaka chaizvo. Zvino vainditarisa. Izvozvo zvaimiririra Mwenga uchibuda kubva munyika dzose. Maona? Iwo, mumwe nemumwe aimiririra nyika, pavaifamba zvakakwana vachitevedza Shoko. Maona?

¹⁹⁵ Uye, zvakare, ndinofanira kuMutarisa. Anozobuda mugwara neShoko iroro kana ndikasatarisa, paAnenge achipfuura, kana Odarika. Zvichida ichange iri nguva yangu, pandinenge ndisisipo, munoona, kana ndapedza, kana chero zvazviri.

¹⁹⁶ Chii? Vakanga vachidzoka. Vachiedza nepavanogona napo, uye vakanga vachidzoka, vachitongopinda mumutsara; nokuti, va—vakanga vakatarisa kune imwewo nzvimbo, vakatarisa pane chechi iya yanga ichangobva kupinda munyonganyonga. Asi 2... Vokumberi, havana zvachose. Vekumashure, 2 kana 3 vavo, vakaita sekubuda zvishoma kurutivi rwekurudyi, uye vaiita sekunge vari kuedza kudzokera mumutsara pavaipfuura. Vaive vachangondipfuura, oo, sekunge pano kusvika pamadziro, vatondipfuura. Zvino ndaive ndakamira ipapo. Uye zvakare ndakangoona vese vachibuda nekutoenda.

Asi, munocherechedza, chechi yakangoonekwa kamwe chete, nyika imwe neimwe, chechi. Asi Mwenga wakauya kaviri. Munoona, munoona zvazvaiva? Zvino, ndisiri kuzviziva, asi zvitarisei neMharidzo yangu mangwanani ano. Ndisiri kuzviziva izvozvo. Maona?

¹⁹⁷ Mbeu yakawira muvhu paNicaea. Ndiyo yaiva Mbeu yepamavambo. Uye Yakauya kuburikidza nematanho emasangano aya, ayo anongovapo kamwe chete. Asi Mwenga unodzoka zvakare mumazuva ekupedzisira. “Ndichadzoredza.” Munoona, Humhizha hune hunyanzvi hunounzwa. Ndicho chikonzero Akaonekwa, akaonekwazve, kechipiri. Akaonekwa kekutanga, ndokuzoonekwazve kechipiri. Zvino Ainge akakwana, kechipiri, sezvaAive pakutanga. O Mwari, ivaiwo netsitsi! Kurumidza, kurumidza, kurumidza, Hupenyu, pinda muTsanga, nekukurumidza chaiko! Uh-huh.

¹⁹⁸ Vamwe vese havana kuzomboonekwazve. Vakabuda, havana kuzombodzokazve.

Asi Mwenga akadzoka, nekuti Aiva Arufa naOmega. Mwari, Muvezi mukuru, vakaMuita Humhizha hune hunyanzvi, nokuti Chimu cheHumhizha hwaVo hune hunyanzvi hwekutanga. SezvaVakaita mubindu reEdheni, ndokutora chimedu chakabva,

ndokugadzira chimwe chidimbu zvino chakasvibiswa ndokuwa, zvino nguva yese iyi Vanga vachihumba zvakare. Zvino Vakaunza Humhizha uhwu, uye hwakarohwa, kuitira kuti . . . Chikamu ichocho chakarohwa, chaiva chekudzozazve Humhizha huya hune hunyanzvi, zvakare.

¹⁹⁹ Saka, Humhizha hune hunyanzvi neMwanakomana waMwari, Humhizha hune hunyanzvi neMwenga, uye Chidimbu chaVo, chinofanira kunge chiri kuzadzikiswa kweShoko. Shoko razadziwa, uye tagadzirira Kuuya kwaShe.

²⁰⁰ O Chechi yaMwari mupenyu, kotamisa mwoyo yenyu neyenyu—imi pachenyu pamberi paMwari. Zvinhu izvi ichokwadi. Ndinoziva kuti zvinonzwika saizvozvo, sechinhu chikuru chakadaro chingave, chingazoparadzirwa uko kunyika dzakawanda. Hazvina kumbobvira zvakadaro. Havashandure nzira yaVo. Ingopai kutenda, Chechi, ipai kutenda kuti muri pamuri nhasi kana muri muna Kristu. Nokuti, munoono, zvino, uye kana ichocho . . .

²⁰¹ Rangarirai, Hupenyu hwese ihwohwo huchaunganidzwa muTsanga chaimo, kuitira rumuko, asi gunde rinofanira kupiswa. Zvimwe zvacho zvese; chikwande nezvose, zvinofanira kuparadzwa, uye zvichaparadzwa. Usavimbe mune rako, masangano iwayo. Iwe gara muShoko, Hupenyu, Mwari neHumhizha hwaVo hune hunyanzvi.

²⁰² Zvino chii chiri muMireniyamu? Kristu neMwenga waKe, vadzokera mubindu reMireniyamu. Amen!

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁰³ Ndipo paAkarohwa. “TakaMucherechedza akakuvadzwa, arohwa naMwari, nekutambudzwa. Asi Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, Akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu.”

²⁰⁴ Pane here pano, mangwanani ano, asiri muTsanga iyoyo mangwanani ano? Uye sezvo Hupenyu hwava kukweva chidimbu chahwo chekupedzisira kubva muchikwande, nekuti chikwande chiri kuoma. Vangani vanoziva kuti chechi yePentekosti iri kuoma? Chii ichocho? Hupenyu huri kuisiya. Kutaure chokwadi, hwakatoisiya. Uye kana Mwenga iwoyo watove mukufanooneka, handizivi kana Mwenga usati watoumbwa kare, zvino.

. . . kuMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁰⁵ Nemisoro yedu yakakotamiswa zvino. Pane vamwe here pano vangada kurangarirwa? Kana uchinzwira kuti hausi . . .

Shamwari, zvakananyisa kujeka. Handisati ndambova nechiratidzo muhupenyu hwangu, pasina chimwe chinhu chakaitika, chakatevera. Ndinotaura Chokwadi. Dzimwe nguva dzose idzi, kana ndakataura Chokwadi, Mwari vakazviratidza. Zvino, ndinotaura Chokwadi paguva ino.

²⁰⁶ Handizivi zuva ratiri kurarama mariri, asi ndinoziva kuti hapana chasara. Hapagoni kuva nemunhu wezvematongerwo enyika anosimuka ogona kutwasanudza chinhu ichi. Zvematongerwo enyika, nyika yaparara. O Mwari! Unogona here, unogona here kudzika zvakadzama zvakakwana kuti—kuti—kuti uzvinzwe. Nyika yaparara; kwete nyika imwe, asi nyika dzose. Ino ndiyo yakanakisisa pane dzose, uye yaparara. Zvino, kana nyika dzaparara, pasi rose raparara. Uye machechi, sekufunga kwangu, Pentekosti ndiyo yaive yakanakisisa yavakambova nayo, asi yaparara.

O Mwari, tinzwireiwo tsitsi!

²⁰⁷ Kana usingaMuzive, ndapota kurumidza, kurumidza. Kana uchinzwa Hupenyu, buda mune...buda muchivi chako, buda muchinhu chauri machiri. Svika kuTsanga, nokukasika chaiko. Unofira mugunde, kana muchikwande.

Namata, tichiimba zvino. “NdinoMuda.”

Zviri kwauri zvino. Hatina sangano, hatina kana chinhu. Tinongova naKristu chete. Wakasununguka kunamata naYe, pamwe nesu, kusvikira Auya. Hatikwanise kuisa zita rako muBhuku; hatina mabhuku. Tinoda zita rako muBhuku reHupenyu. Unogona kuzviita bedzi kubudikidza neKuberekwa. Haungazviite here iko zvino? Kumbira Kristu kuti uwane Hupenyu hutsva, okuunza mukati, oisa zita rako muBhuku raKe, kana risipo. Zvino, unogona kuyanana nesu, tingada kuva newe. “Ini...”

²⁰⁸ Mwari vanodikanwa, batsirai munhu mumwe nemumwe zvino kuti azviongorore, tione kana tiri maAri. Makatida. Makarohwa nokuda kwedu, uye takaKucherechedzai makarohwa nekutambudzwa naMwari. Ndinonamata, Mwari, kuti Mudane mumwe nemumwe. Ishe, taurai nevana vangu, vadikani vangu, shamwari dzangu. Zviiteiwo, Ishe, iye zvino, kubudikidza neZita raJesu Kristu.

²⁰⁹ Musarega chero munhu achimirira kwenguva yakarebesa, Ishe. Zvinotaridzika kuti zvave pedyo chaizvo. Goho raibva zvechokwadi. Muchina mukuru wekukohwa waMwari uchatsvaira nemunyika rimwe remazuva ano, mashanga achamwararika kwese-kwese; asi Gorosi richaunganidzwa mudura, rogorwa kumusoro, nokuti maRiri mune Hupenyu. Zviiteiwo, Ishe, chikumbiro chimwe nechimwe chigopindurwa, munamato mumwe nemumwe uratidzwe pamberi peNyu.

²¹⁰ Ndinovanamatira, Ishe. Ndinonamata kuti Musarega chero mumwe ari pano achirasika, Ishe. Va—va—vagara pasi

pekumanikidzwa; va—va—vanotyaira mazana emamaira. Uye chingavei chatinoda, chipeiwo kwatiri, Ishe, chingavei hacho chakatinakira, Ishe; kwete chakanaka mumaziso edu, asi chakanaka mumaziso eNyu. Tinoda kumira semhandara yakachena yakarangwa, yakatsiurwa naMwari, kuti tigocheniswa kubva kuzvivi zvedu. Uye ndinoisa munamoto wangu kuitira ivo, Ishe.

²¹¹ Ini—ini—ini handigone kunamata. Tiri—tiri kutura naMwari Samasimba. Uye ndiani munhu aripo, ndiani munhu wenyama angaita mhando chaiyo yemunamoto pamberi paMwari mupenyu? Asi, Ishe, mazwi angu asinganyatsodudzwa zvakanaka, neangu—neangu mazita nezvisazitasingwi zviri pa—pasiripo; kana Makagona kutora maABC ekamwe kakomana rimwe zuva, ne—nekugadzira mutsara, Mu—Munogona kufuratira mazita nezvisazitasingwi zvangu uye mongotarisa kune zvandinotenda, Ishe.

NdinoKutendai. Ndinotenda Shoko rino. Uye ndiri kutendera mumwe nemumwe ari pano. Uye ndi—ndiri kuvaunza kuArtari iyoyo, Ishe, nekutenda, apo pakati pedu naJehovha Mukuru pane Ropa reMwanakomana waVo, Jesu. Zvino Ropa richataura panzvimbo yedu. PaMakaMurova paKarivhari, Makati, “Taura!” “Munzwei iYe!” “Zvino Ropa,” Bhaibheri rakati, “rinotaura zvinhu zvikuru kupfuura ropa regwayana muTestamende Yekare, nokuti Ropa raKristu rinotaura zvikuru kupfuura ropa raAbheri; zvinhu zvikuru.” Uye taurai, Ishe, rudzikinuro kwatiri, patiri kudana kubudikidza nemuRopa.

²¹² Baba vakuru veHupenyu, tisanganisireiwo, Ishe. Kana isu—kana takatadza, zvibvisei kubva patiri. Isu, hatidi kuva takadaro, Ishe. Handicho chinangwa chedu.

Uye tinocherechedza kuti tiri kurarama munzira yakashata, ine rima. Sezvatataura pakutanga, tiri kufamba tichikwira gomo, nemunzvimbo dzakaomarara. Nzira yacho ine rima, asi takatakura Chiedza. Dai tikaona, nhanho nenhanho, patinofamba zvino; kusvika tasangana, se*Pilgrim's Progress*, kusvika tazosvika pamusoro peChikomo. Titungamirirei, O Mufudzi. Jehovha Mukuru, titungamirirei neMweya weNyu.

²¹³ Uye tinoziva kuti tiri kure nekuva humhizha hune hunyanzvi; asi takatarisa patakabva patakavezwa, Humhizha hune hunyanzvi hwemazvirokwazvo, uye maAri tinovimba. Chingotiendesai kwaAri, Ishe. Zviiteiwo, Ishe.

²¹⁴ Podzai vanhu vose vanorwara pano, Ishe. “TakaMucherechedza akarohwa nekutambudzwa. Asi Akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu.” Humhizha hwaMwari hune hunyanzvi hwakarohwa. “Uye Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa.” Podzai vanorwara, Ishe, muHupo hweNyu hwaMwari zvino, tichiziva kuti Muri pano.

²¹⁵ Chenesai mweya yedu, moyo yedu, kubva kune zvakaipa zvose, pfungwa dzose dzakaipa, kutaura kwose kwakaipa, zvinhu zvose zvakaipa. Ticheneseiwo. Uye tinonamata, Baba, kuti Mugopodza hurwere hwedu, uye regai tibve pano tichinzwa kuti tiri vana veNyu vakacheneswa. Uye neRopa pamusoro pedu, tinotaura kubudikidza nemuRopa, Shoko. Zviiteiwo, Ishe. Tinokumbira muZita raJesu Kristu. Amen.

²¹⁶ Mwari Baba, pamahengechepfu aya, azodzei neHupo hweNyu, Ishe. Dai Hupo hweNyu hwava nawo kwese kwaachaenda. Pangavei paanoziswa, pamutumbi chero upi unorwara, dai vakapodzwa. Uye chingavei, kana kuine musha wakaputsika pane imwe nzvimbo, ugadziriseiwo, Ishe, Muvezi mukuru. Zviiteiwo, Ishe.

²¹⁷ Tiumberi, uye mutiite vanakomana nevanasikana vaMwari. Tinotenda kuti Mwenga uri kuwana kukwenenzverwa kwawo kwekupedzisira. Uchatemwa kubva musangano rizere, ose pamwe chete, zvino ipapo goho guru richasvika. Kusvikira panguva iyoyo, Ishe, vaitei kuti vave vatano uye vachifara, kuKushumirai. NemuZita raJesu. Amen.

NdinoMuda, ndi . . .

UnonyatsoMuda here?

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pa . . .

²¹⁸ Zvino munonzwisisa here kuti sei ndichikutsiurai? Hazvisi nekuti ndinokudai . . . kwete kuti handikudei. Ndinokudai. Ndinoda Humhizha hwaTenzi hune hunyanzvi. Ndingabvarura hangu zvisroma sezvizvi, asi ndichava neHumhizha hune hunyanzvi, mamwe emazuva ano, kana ndikahuchengeta paShoko rino chaipo. Ndizvozvo.

²¹⁹ Zvino Jesu akati, “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.” Tinofanira kunge tiri murudo chaizvo mumwe nemumwe!

Ngachiropafadzwe chisungu chinosunganidza
Mwoyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
Kwakaita seuko kuri Kumusoro.

Ngatibatanei maoko mumwe nemumwe.

Kana tichinge taparadzaniwa,
Zvinotipa marwadzo emukati;
Asi ticharamba takabatanidzwa mumoyo,
Uye totarisira kusanganazve.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwa pamwe nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rinokosha, O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rinokosha, O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Zvino rangarirai, murwendo rwenyu:

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Senhowo kubva pakufunganya kwese;
Kana miyedzo yaungana yakakukomberedza,
(Chii chaunoita zvino?)

Ingofema Zita Dzvene iroro mumunamoto.

O Zita rinokosha, O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rinokosha, O rinotapira zvikuru!
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

Kusvika tasangana!

Ngatikotamisei misoro yedu. Oo, ndinoda kuimba!

Kusvika tasangana patsoka dzaJesu;
Kusvika tasangana! kusvika tasangana!
Mwari vave nemi . . . 

64-0705 Humhizha Hune Hunyanzvi
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org